ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№50 (24.176) ● 2021 гъэм накъыгъэм (майм) и 12, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2021 гъэм накъыгъэм и 13-р мылэжьэгъуэ гуфІэгъуэ махуэу гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Я фІэщхъунигъэр зыхуэдэнур езыхэм яубзыхужьнымкІэ яІэ хуитныгъэмрэ дин зэгуфхэныгъэхэмрэ я Іуэхукіэ» 1997 гъэм фокІадэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин Іуэхущапіэм зэрызыкъысхуигъэзам ипкъ иткІэ Нэщікиібуж хьид махуэшхуэр гъэлъэпІэным техуауэ **унафэ сощІ:**

2021 гъэм накъыгъэм и 13-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щымылэжьэгъуэ гуфІэгъуэ махуэу щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м
№46-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЗыІэрагъэхьа екъулІэныгъэхэмра илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр»

Быгуэ Зое Лэусэ и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэныкІэ хэрал бюджет Іуэхущапіэм лъыр гъэкъэбзэным пыщІа хирургиемкІэ и кІудамэм и дохутыр-трансфузиологым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Іэрэмысэ Татьянэ Юрий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «НыбжьыщІэхэр Олимп джэгухэм щыхуагъхьэзыр спорт еджапІэ №3» къэрал кІэзонэ Іуэхущапіэм и унафэщІым и кІуэдзэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист»

Тогузаев ТІэхьир Магомед и кІуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ и хъарзынэ и къэрал инспекцэм и унафэщІым и кІуэдзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкІэ и хъарзынэ инспектор нэхъыщхьэм и кІуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м
№50-УГ

КІуэкІуэ Казбек удз гъэгъахэр щигъэтІылъащ ЩІыхьым и МафІэ мыужьыхьым деж

ТекІуэныгъэ Иным и махуэр щагъэлъапІэ накъыгъэм и 9-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек удз гъэгъахэр щигъэтІылъащ «Фэеплъым и МафІэ мыужьыхьым» мемориалым деж, 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм хэкІуэда зауэлІхэр зэращымыгъупщам и щыхьэту. Хабзэ зэрыхъуам тету, фэеплъ дауэдапщэр щІадзащ зауэм хэкІуэдахэм дакъикъкІэ щыму яхуэщыгъуэу.

ЗАУЭ ГУБГЪУЭХЭМ кьимыкІыжакэм я фэеплъыр яГъэлъэпІэну къекІуэлІат Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, тылым щылэжьахэр, Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщхьк Іэ Зэщіэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ советым, Налшык къалэ округым и ветеранхэм я советым хэтхэр.

КІуэкІуэ Казбек гуапэу епсэлъылІащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу гуфІэгъуэ зэхуэсым къырихьэлІахэм, узыншэу ильэс куэдкІэ псэуну ехъуэхъуащ, Урысейм и тхыдэм щынэхъ гуащІэ дыдэхэм ящыщ зауэм зэрыщытекІуам папщІэ фІыщІэ яхуищІащ. Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм республикэм и Іэтащхьэм къыжраІащ зауэм и тхыдэм теухуа пэжыр зэрамыхьэкІыу яхъумэным, дунейр фашизмэм щызыхъума цІыхубэм кьагъэльэгъуа лІыхъужьыгъэм и щапхъэхэр мыгъэкІуэдыжьным мыхьэнэшхуэ зэраІэр.

Фэеплъым деж удз гъэгъахэр щызыгъэтІылъахэм яхэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и аппаратым КъБР-м къеГъэщІыпІа и инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, хабзэхъумэ, кьаруэхьэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

ТекІуэныгъэ Иным и махуэм и щІыхькІэ къыззрагъэпэща гуфІэгъуэ зэхьыхьэр, акцэхэр, концертхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къала, щІынапІэ псоми щызэхэтащ. Сыхьэт 15-м щІидзэри, онлайн жьгъхъэм тету «Полк махъэтынш» акцэр ирагъэкІуэкІащ. ТекІуэныгъэм и махуэшхуэр гъэлъэпІэныр ихуащ уафэгум хьэрэкІытІэ зэмыфэгъуэхэр ираутІыпщыхьэкІэрэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

КІуэкІуэ Казбек Хэку зауэшхуэм и ветеран Евтушенкэ Николай ехъуэхъуащ абы и ныбжьыр илъэси 100 зэрырикъуамкІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек накъыгъэм и 11-м щыІащ а махуэм зи ныбжьыр илъэси 100 ирикъуа, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, РСФСР-м щІыхь зиІэ и агроном, Хэку зауэшхуэм хэта Евтушенкэ Николай и деж.

«СИ ГУМ кьыбгъэдэкІыу сынохъуэхъу уи нобэрей махуэшхуэмкІэ, фІыщІэшхуэ пхузощІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мамырыгъэр щыхъумэнымрэ абы и экономикэм зегъэужьынымрэ хуэнщІа хэлъхьэныгъэшхуэм папщІэ. Си щхьэр лъаухьшэу пхузогъэщхъ», - щІыхь зыхуащІ ветераным апхуэдэ псалъэхэмкІэ зыхуигъэзащ КІуэкІуэ Казбек.

Евтушенкэ Николай республикэм и Унафэщіми щІынапІэм щыпсэухэми ехъуэхъуащ мамыру, фІыгъуэ щымыщІэу, насыпыфІэу псэуну.

Николай Никитэ и хъуэм щІэупщІэну, и юбилеймкІэ абы ехъуэхъуну апхуэдэу хуеблэгъат КБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Сыжажэ Хьэсэнрэ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймуразрэ.

Ветераным иІэ фІыщІэхэр, мэкъумэш Іэнатіэм къыщихьа ехъуІэныгъэхэр ягу кьагъэкІыжащ хьэщІэхэм.

Хэку зауэшхуэм щІидза нэужь Евтушенкэ Николай фронтым кІуащ. Ар ящыщІу Ленинград къалэр къэухъуреихыныгъэм къизышахэм, Днепр псым зэпрысыкІахэм, Прагэ хуит къэзыщІыжахэм, Курск деж щекІуэкІа зауэ гуащІэхэм, Висло-Одер, Берлин операцэхэм. Зауэм къыщигъэлъэгъуа лІыхъужьыгъэм папщІэ абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщІэр, ЩІыхь орденым и ещанэ нагъыщІэр, «И хахуагъэм папщІэ», «Зауэм къыщихьа фІыщІэхэм папщІэ», «Ленинград зэрахьумам папщІэ», «Прагэ хуит къызэращІыжам папщІэ», «Германием дызэрытекІуам папщІэ» медалхэр.

Евтушенкэ Николай илъэс куэдкІэ щылэжьащ республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм, мэкъумэш щІэныгъэхэм я докторщ, тхыгъэ куэд и къалэмыпэм къыщІэкІащ, цІыхубэ хозяйствэ зэфІэгъэувэжьыным хьаууэ ирихьэлІари мащІэкъым. Зауэ нэужь илъэсхэм ар лэжьащ КъБАССР-м и Май щІынапІэм бжьэхуц гъэкІыныкІэ и агроном нэхъыщхьэу, Май машинэ-трактор станцым, Май районым щызэхэт «Красная нива» колхозым я унафэщІу. 1974 - 1987 гъэхэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІым и кІуэдзэ кІулькІым пэрытащ. ИужькІэ нартыху гъэкІыным пыщІа Урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институту Налшык дэтым и унафэщІу, чэнджэщагъу нэхъыщхьэу щытащ.

Николай Никитэ и кІуэм и ныбжьагъу, и Іыхьлы куэд, и лэжьэгъуу щытахэр къехъуэхъуащ илъэсищ зэрырикъуамкІэ. Абы и гъащІэм лъэхъэнэ псо кьыззэщІе-убыдэ икІи нобэми дунейм щыгуфІыкІыу, ар фІэІэфІу мэпсэу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек нахьыжьэу Іуэхущ Тэтэрстаным и Президент Минниханов Рустамрэ Къэзан къалэм дэт курыт еджапІэхэм ящыщ зым Іэщэ яІыгъыу щІыхьэу щІыхуэр зэрыщыізэтраукІам хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэмрэ.

Къэзан дэт еджапІэм къыщыхъуа гуэзэвэгъуэм хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэми сэри къыдбгъэдэкІыу сыфІэхуогузавэ Къэзан къыщыхъуа гуаузм зи благъэ хэкІуэдахэм, апхуэдэу щІынапІэм и Унафэщі Минниханов Рустам, Тэтэрстаным щыпсэухэм. Ар псоми ди зэхуэдэ гуаузщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр фи гъусэу мэщыгъуэ.

А гуэзвэгъуэм фэбжь хэзыхахэр икІэщІыпІэкІэ хъужыну си гуапэщ», - щыжеІэ республикэм и Унафэщім щІыхьэм щыхухэм зэрызахуигъазэ тхыгъэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Налшык и Къэбэрдей уэрамым зэрызиужьынур

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щыгъаз зищІащ Къэбэрдей уэрамыр егъэфІэкІуэным, зегъэубгъуным теухуауэ КъБР-м гъэзгу хозяйствэмрэ транспортымкІэ и министр Дыщэкі Аслъэн къыхилъхьа проектым. Абы къыщыслъэгъуащ Идарым и уэрамым щегъэжьауэ къыпэщІэ нухьку Къэбэрдей уэрамым щалэжьыну я мурадхэр. Километри 4,8-рэ хьу а Іыхьэм сом мелуан 400 хуэдиз текІуэдэну къабжащ.

МИНИСТРЫМ зэрыжиІамкІэ, мыбы къыщагъэсэбэпынущ федеральнэ регистрым иратха иджырей технологие нэхъыфІхэр.

«Мы гъэгум республикэ мыхьэнэ иІэщ. Абы транспортыр зэрыщыІуным къыхэкІыу иджырей уэздыгъэхэр щыфІадзэн, лъэс зекІуалІэхэмрэ зыгъэпсэхупІэхэмрэ къыщызэрагъэпэщын хуейщ»,- жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Лэжьыгъэхэр дызэрыт илъэсым ираГъэжьэн икІи 2022 гъэм и фокІадэ мазэм яухын хуейщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Поликлиникэ ин яухунущ

Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ, ухузынигъэмкІэ и министрхэу КъаІэбатэ Рустамрэ Бэрбэч Алимрэ иригъэблагъэри, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэпльащ къалэм и япэ поликлиникэм и унэщІэм и проектым. Ар яухуэнущ къалэ клиникэ сымаджэщ №91-м хиубыдэу.

КЪАЛЭМ псынщІэу зэрызиужьам къыхэкІыу япэ поликлиникэр зэманым кьигъэувэкъм емызэгъыж хьауад. Абы и пэщэр я бжьагъэкІэ машІэщ, езыхэр Іэзэмлъэзэвэщ. ЦІыху мин 90 зэгъэбыдылІа медицинэ Іуэхущапіэм транспорт гъэувыпІэхэр къомэщІэкІ.

«Мы поликлиникэм и зэфІэкІыен зедмыгъужьу хъунукъым. Метр зэбгуэзэнатІэ мини 7-м нэблагъэ къызэрыкІ унэщІэр щылажьэкъэм къекІуалІэхэми я дежкІэ тэмэму зэгъэпэщауэ щытынущ икІи абы махуэ къэс медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр цІыху мин хуэдизым щыхуащІыбфынущ. Амбулаторэ дзэпыкъуныгъэ республикэм къыщыззэзыгъэпэщхэм ящыщу ар нэхъ ин дыдэу щытынущ», - къыхигъэщхьэхуІащ КъБР-м и Іэтащхьэм. Абы зэрыжиІамкІэ, поликлиникэ лэжьыгъэм кьыдэкІуэу мы Іуэхущапіэм эндоскопиемкІэ Іэнатіэ, онкология уз зэфыкІ сымаджэ нэхъ лъэрымыхь дыдэхэм я унэхэм щадэІэпыкъу центр, нэгъуэщІэхэри хэтынущ. Поликлиникэм иІэнущ узыфэхэр зэрызэхаГъэкІ иджырей Іэмэпсымэ нэхъыфІ дыдэхэр.

Республикэм и Іэтащхьэм пщэрыльь зэращищІам тету, КъБР-м Ухуэныгъэмкіэ и министерствэмрэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэмрэ адэкІи зэущІэгъуу проектым елэжьынущ. Иджыпсту федеральнэ Іэнатіэм щыхоплъэ ухуэныгъэр узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и пэублэ Іуэхущапіэхэр къэгъэщІэрэщІэжьныкІэ программэм хагъэхьэн папщІэ щыІэ Іэмалхэм.

Апхуэдэу зэман кІэщІым къыриубыдэу яубзыхунущ республикэ клиникэ сымаджэщым щІагъэгъуэльэнухэр зэкІуалІэ Іэнатіэм зэрызэрагъэужьныр. Пандемием и лъэхъэнэм ар ипэжыпІэкІэ хирургием и центр хъуауэ щытащ.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхуКІащ, сыт хуэдэ гугъуехьхэр хэмылъами, республикэ клиникэ сымаджэщыр блэкІа зэман гугъум хъарзынэу къызэрыхэкІар. Ауэ а лэжьыгъэм кьиГъэлъэгъуащ жэщми махуэми сымаджэхэр къызрашалІэ кьудамэм зегъэужьын зэрыхуейр.

ЗэІущІэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ нэгъуэщІ зы проектми - Бахьсэн къалэмрэ Бахьсэн муниципальнэ районымрэ щыпсэухэм медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщІэ районым сымаджэщым и етІуанэ поликлиникэ кьудамэр къэгъэщІэрэщІэжьным. А проектым икІи иткІэ иджыпсту щыІэ поликлиникэм унэщІэ кьыгуащІыхьыщ икІи абы и фІыщІэкІэ сабийхэмрэ балигъэмрэ зэхэхауэ ядэІэпыкъуфынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек еплъащ Шэджэм паркыр зыхуей зэрыхуагъаззэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм щыгъаз зищІащ «Шэджэм-парк» проектыр зэрагъэзащІэм. А проектыр къалэ мыинхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиІэ жылагъуэхэмрэ зэІуэпэщ щыныкІэ урысейпсо конкурсым щытекІуащ. Ар гъэзэщІэным тригъэкІуэдэн папщІэ Шэджэм муниципалитетым сом мелуан 60 къыхуауатІыпщауэ щытащ. Проектым хиубыдэу Шэджэм къалэм и уэрам нэхъыщхьэр зэрыщыту зыхуей хуагъэзэнущ. Лэжьыгъэхэм хиубыдэу къызэрагъэпэщынущ спортым, щэнхабзэм, рекреацэм, хэхауэ сабийхэм яхуэгъэпсэ Іыхьэхэр.

КІуэкІуэ Казбек еплъащ «Шэджэм-парк» проектым хиубыдэ ухуэныгъэ нэхъыщхьэхэм. Шэджэм муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ Борсэ Юрэ зэрыжиІамкІэ, спортым хуэгъэпсэ Іыхьэм хиубыдэу волейбол, теннис джэгуІэхэр, лакъуэрыгъажэкІэ къыщажьэхьыну гъэгуу километри 5,5-рэ къызэрагъэпэщынущ. Апхуэдэу джэгуІэхэмрэ узыншагъэм зыщІрагъэужь комплексэмрэ сабийхэм хухах Іыхьэм хэтынущ. Щэнхабзэм хухах Іыхьэм хиубыдэщ цІыху куэдым я нэгу зыщІрагъэужьыну ухуэныгъэхэр, Шэджэм районым щалъхуа усакІуэ гъэзэджэхэу КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я фэеплъыр. А щыналъэхэм хиубыдэ зыгъэпсэхупІэхэр къыззрагъэпэщу, щхьэнтІагъэхэр щыхасэу щІадзащ.

КІуэкІуэ Казбек районым и унафэщІхэм гу лъаригъэтащ лэжьыгъэхэм я фІагъымрэ ахэр и зэманым зэрызэфІагъэкІымрэ тКІийуэ кІэлъыплъын зэрыхуейр. Республикэм и унафэщІым жиІащ муниципалитетхэм я зэпеуэу федеральнэ Іэнатіэм къыщызэрагъэпэщхэм сэбэныгъэшхуэ къызэрахьыр: нэгъабэ апхуэдэ зэпеуэм щытекІуащ Бахьсэн къалэм псым дэкІуэ и Іуфэр зэІуэпэщ щынымкІэ проектыр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр зэдэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2020 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа доклад

«Тхьэ соIуэ цIыхур хабзэкIэ зыхуитхэмрэ и щхьэхуитыныгъэмрэ схъумэну, си пщэ къыдалъха кьалэнхэр хьэпэлу згъэзэщIэну, законым сытетыну, Iуэхум накIэнащхьагъэ хэзмылъхьэу захуагъэм сытетыну» («Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм теухуаз» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым, 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м кьащтам, и 28-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм щыщщ)

Хэзыгъэгъуазэ Iыхьэр

Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэмрэ абы и аппаратымрэ я лэжьыгъэм кьащащIыхьэ республикэм щыIэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэр, социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ и Iуэху зыIутыр.

Уполномоченнэм и лэжьыгъэр 2020 гъэм зэрыщыту хуэгъэпсауэ щытащ коронавирус узыфэ зэрыцIалэм зыщиубгъу лъэхъэнэм цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным. Пандемием и зэранкIэ цIыху куэдым я лэжьапIэхэр яфIэкIуэдащ. Мардэ ткIийхэм зэрытетым абыхэм я социальнэ, псэкупсэ щытыкIэр иригъэкIыкIуащ, я къарури щIихащ. Абы кьыхэкIыу властым и къэрал, щIыналъэ органхэм кьыхалъхьащ пандемием кьикIыным хуэгъэпса Iэмал кьыззэрымыкIуэхэр. Урысей Федерацэм цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу щIэ Москальковэ Т. Н. кьыззэрыхигъэщащи: «Урысейм щыззэфIэуа хъуащ щытыкIэ гугъу ьхьихуа цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэпса социально-экономикэ шэсыпIэхэр».

Властым и къэрал, муниципальнэ органхэм, республикэм и гражданхэм жылагъуэм и институтхэм, дин зэгухьэныгъэхэм, нэгъэщI жылагъуэ организацэхэм я дежкIэ мардэу уващ зи шыфэлIыфэм щымыгъуазэ бийм зэщIогъэуIуауэ, зэкъуэту пэщIэтныр, абы текIуэнкIр. Мыбдежьым кьыщыгъэлъэгъуапхъащ тхэлъ жэуаплIыгъэмрэ зэкъуэтныгъэмрэ пандемием нэхъри зэригъэлъащар.

Къарурэ мылъкуу щыIэ псори хуаунэтIауэ щытащ пандемием пэщIэтныем, сымаджэхэр зэхъужьыным, узыр зыщIэкIахэм зегъэужьыжьыным. Лажьэу щыIэ сымаджэщхэм кьыщыззрагъэпэщащ госпиталий, абыхэм зэуэ цIыху 1500-м щеIэзэфынут. Узыфэм пэщIэтныем хуэхьэзыру щытын хуейуэ кьыззрагъэувэрэ «КЪБР-м кьабзагъэмрэ эпидемиологиемкIэ и центр» узынщагъэр зэхъуэжьыным къэрал бюджет Iэхуэщ1апIэмрэ «Емынэ узыфэм ебэныныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр стан» къэрал кIэзонэ Iэхуэщ1апIэмрэ цIыху 442506-м къэпщытэныгъэхэр драгъэкIуэкIащ, абыхэм ящыщу 42473-р сымаджэщым щIэмыIуу тхьэмбыл узыр зэфыкIахэрщ, 98369-р хамэ къэралхэм кьикIыжарэ сымаджэхэм пыщIэныгъэ хуаIаауэ, цIыху узынщэу 224683-р, пыхуэсыу узыфэм и нэщэнэхэр зиIэу 16921-рэ.

2021 гъэм и щIышыдэм и 1-м ирихьэлIэу сымаджэщхэмрэ госпиталхэмрэ 1455-рэ щIэлъамэ, 2021 гъэм и гъатхэпэм и 1-м ирихьэлIэу абыхэм я бжыгъэр зэрыхъужар 453-рэщ. Хэпщ1ыкIыу нэхъ мащIэ хуауэ зы жэщ-махуэм хъриубыдэу сымаджэу кьахутэхэм, узыфэм иIыкIхэм я бжыгъэр.

Гугъуехьэр щыIами, республикэм хуэзфIэкIащ узыфэ щынагъуэм зримыгъэубгъуну икIи мардэ ткIийхэм хуэм-хуэмурэ кьытекIын щIидзэну.

ЖыIэн хуейщ абы щэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр, цIыхум и зэIуэпэщагъыр кьыззэгъэпэща зэрыхъуэм кIэлъыплъ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынщагъэр хъумэныкIэ и министерствэм, зэрыщыту дохутырхэм я зэгухьэныгъэм я фIыщIэшхуэ зэрыхэлъыр. ЩытыкIэкIэ гугъу дыдэм ахэр щIыхь пылъу ѣхокI. Республикэм щыпсэу сэ абыхэм фIыщIэшхуэ яхэсщIыну сыхуейщ.

КьыкэгъэщIипхъэщ пандемием и щытыкIэм итми, экономикэ, социальнэ Iэнатlэхэм здыщыынэса лъагаилэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщигъэбыдам и мызакъуэу, ипэкIи кIуэтэн зэрыхуэзфIэкIар. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм кьыззэритамкIэ, 2020 гъэм щIыналъэ валовэ продуктым и уасэр сом меларди 154,8-рэ хъуащ (2019 гъэм елъытауэ процент 101,5-рэ), промышленностым кьыщIигъэкIым и индексыр 111,0-рэ хъуащ, ухуэныгъэ Iэнатlэм щызэфIагъэкIащ сом мелард 30,2-рэ и уасэ е 2019 гъэм елъытауэ процент 100,5-рэ. ЕкъулIэныгъэфIхэр иIэу илъэсыр ихуащ мэкъумэш Iэнатlэми.

Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным япкъ иткIэ республикэм 2020 гъэм щаухуащ, щызэрагъэпэщыжащ, кьызыхуэтыншэу зыхуеи щыхуагъэзащ объект 200-м щигъу, псори зэхэту сом меларди 4,5-рэ хуэзэу, абыхэм ящыщщ курыт еджапIитI, зи ныбжьыр школ кIуэгъуэм нэмысахэм щадэлажьэ сабий Iэхуэщ1апIэу 31-рэ, щэнхабзэмкIэ уноу 10, физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфIакIуэ комплексу плIы. Пащащ гъэзгу объектэу 103-м щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм, ахэр псори зэхэту километри 123,5-рэ мэхъу, сом мелардитIым нэблагъэ хуэзэу. ПсэупIэу ятащ метр зэбгъуэзнатlэ мин 528-рэ, 2019 гъэм елъытауэ ар процент 111,4-рэ мэхъу, ущыпсэуну дзыхьщIыгъуэджэ хъуа унэхэм цIыхухэр кьыщIэгъэIэпхъукIыным теухуа программэр ягъэзащIэ (унагъуэ 98-рэ). Абы, дауи, дигъэкIыркъым щыIэ гугъуехьэр, ауэ къегъэльагъуэ властым ар зэфIигъэкIыну яужь зэритыр. Ящащ «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэ» турист-рекреацэ комплексым и бгы къежэхьипIэр, метр 1514,94-рэ зи кIыхьагъыр. Республикэм щыпсэуфэр щогугфIкI вольфрамэр молибденэр кьыщыщIахыу щыта щIыпIэр лажьэу яутIыпщыжыным и Iуэхур зэрыкIуатэм. Щыщ гугъуехьхэм щхьэкIэ кьэмынэу республикэм, къэралри кьыдэIэпыкъуурэ хуэмышIауэ псэу цIыхухэм, ныкъуэщIэныгъэ-гъэ зыбгъэдэлъхэм, сабий куэд щапI унагъуэхэм защIигъэкъуэным хуэунэтIа лэжьыгъэм пищащ, ткIийуэ кIэлъыплъащ лэжьапщIэхэр и чэзум ятыным теухуа Iуэхум.

А псом къадэкIуэу, коронавирус узыфэ зэрыцIалэм и зэран екIащ экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ. Мардэ ткIийхэр ягъэува нэужь республикэм и Iуэхущ1апIэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэ куэдым я лэжьапIэхэр зэрагъэгъуэтыжащ. Ар зэран хуэмыхъыу кьэнакъым цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыным теухуа къаIэным. Апхуэдэу, 2020 гъэм зэрыщытам нэхъ ин хуэдиплIкIэ нэхъыбэщ. Абыхэм ящыщу лэжьапIэншэу къалытащ цIыху мин 81,8-рэ. Iэнатlэншэхэр иджыри куэдщ икIи республикэм лэжьэфынуу исхэм я процент 16,7-рэ мэхъу.

Республикэм Iэнатlэ къызыщыхуагъуэтыфар лэжьапIэ щIэупщIахэм ящыщу проценти 4,8-рщ. А псори цIыхухэм я псэукIэм и фIагъым, я социальнэ щытыкIэм зэран хуэхъуащ. А щхьэусыгъуэхэрауэ къэпплъытэ хъунущ Уполномоченнэм цIыхухэм нэхъыбэрэ зыкъыщIыхуагъэзар. Ар цIыхухэм Уполномоченнэм дзыхь кьызэрыхуащIым, кьащхьэщыжыну кьазэрыщыгугъым и щIыхьэту къэплъытэ хъунущ.

* * *

Уполномоченнэм и институтыр илъэс 14 мэхъу. А зэманым хэриубыдэу дэ цIыху мин 11-м щIигъум зыкъытхуагъэзащ я хуитныгъэхэр кьызэрызэпаудым теухуауэ. Уполномоченнэр егупчащ езыр граждан жылагъуэм и институту зэрыщытыр нIуэ кьищIыным. Иджы Уполномоченнэр яужь итщ пандемием и лъэхъэнэм цIыхум и хуитныгъэхэр кьыхуэзгъэпэщыным теухуа лэжьакIэм и пIалъэ зригъэщIэну. Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм щыщ зы Iыхьэщ икIи абы нэсу зыхещIэ цIыхум хабзэкIэ иIэ хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ кьызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ кьэралым щыщщIэ гугъуехьэр.

ЦIыхухэм зыкъыззэрытхуагъэзахэр зытеухуамрэ тхьэусыхафэу къытIэрыхьахэм я бжыгъэмрэ

2020 гъэм Уполномоченнэм къыIэрыхьа тхьэусыхафэхэмрэ зыкъыззэрыхуагъэзаэхэмрэ хэпщIыкIыу нэхъ мащIэщ - псори зэхэту 245-рэ хъууэ аращ (адрей иIэсхэм 900 хуэдиз хъурт). Абыхэм ящыщу хэплъэну кьыхахащ 184-р. Адрейхэр зэхагъэкIыну хуагъэхьащ зыхуэфащэ къэрал органхэм, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм, ахэр зытеухуахэм зи Iэху хэль къулыкъущIхэм, ягъэныкъуэхэм гурагъэIуащ зыщIэупщIахэм я тэмэмыщIэр, псоми жэуап пыуыкIа ягъэуащ. Тхьигъэхэр 200, кьытхуэкIуэу зыкъытхуэзыгъэзащэхэр 45-рэ, гупхэм кьабгъэдэкIыр 4 хъууэ щытащ.

Бжыгъэхэм кьызэрагъэлъагъуэщи, тхьэусыхафэхэри, Уполномоченнэм зэхагъэкIын хуейуэ кьилъытахэри, езыр зыхэплъахэри хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хуащ. Мыбдежьым тхыгъэу кьагъэхьар куэд дыдэкIэ мынэхъ мащIэми, 2019 гъэм 228-рэ хъууэ щытар иджы 200-м нэсауэ аращ, кьытIуцIэу зыкъызэрытхуагъазэр куэдкIэ хэщIащ - 45-рэщ зэрыхьуар 622-м и пIкIэ. Уполномоченнэм зыхэплъэн, зэхэгъэкIын хуейуэ кьилъыта Iуэхухэм я бжыгъэр щIэнэхъ мащIэри араща. Абы и щхьэусыгъуэр республикэм коронавирус узыфэ зэрыцIалэм зэрызыщиубгъуарщ, мардэ ткIий ягъэувахэм я зэранкIэ цIыхухэм я лэжьыгъэри нэхъ кIащхьэ зэрыхъуарщ.

Зыкъызэрытхуагъэзэа тхьэусыхафэхэм уаэплъэмэ, нIуэ мэхъу, илъэс блэкIахэми хуэдэу, цIыхухэм лэжьыгъэ яIэныкIэ я хуитныгъэхэр кьызэрызэпаудыр, зыхуеджа Iэщ1агъэмкIэ Iэнатlэ зэрамыгъэутыжкьр, псэупIэ яIэныкIэ хуитныгъэм кьигъэувхэр зэрамыгъэзащIэр, следствиемрэ дознаниемкIэ органхэм, судхэм я унафэхэм арэзы зэрытемыхъуэр, цIыхухэр щхьэхуимыту щIыIгъ щIыпIэхэм тутнакъхэм я хуитныгъэхэр кьызэрыщIэзэпаудыр, узынщагъэр хъумэным, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ягъэутыжмкIэ хуитныгъэхэм кьызэщIауэ быдэхэр зэрамыгъэзащIэр. Апхуэдэу щытми, коронавирус узыфэр зыпкърытхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ямыгъэутауэ, хущхъуэхэр пщIэншэу ирамытауэ кьэтхъуэсыхалакъым. Тхьэусыхафэхэмрэ нэгъуэщI зыкъызэрытхуагъэзаэхэмрэ дыщыхэплъэкIэ, куэй щыхъуэм дэж, Iуэхум кьыхэтщащ кьаразэ Iуэхущ1апIэхэм я лIыкIуэхэр, зыхуэфащэ кьулыкъущIхэхэр. Iуэхур зэхэдгъэкIа нэужь цIыху 59-м яхуэзфIэдгъэкIащ щытыкIэ гугъу кьызэрихутам кьыхэкIыу зыкъыщIытхуагъэза лъэIуэхэр, я хуитныгъэхэр зэфIэдгъэувэжащ. Уполномоченнэм фIыщIэ тхьылIащ кьыIэрыхьащ я хуитныгъэхэр зэфIэгъэувэжьным хуэгъэза Iуэхуэхэр и чэзум зэрызэфIагъэкIам папщIэ.

Уполномоченнэм 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м кьыIэрыхьащ Аарон зауэм, нэгъуэщI зауэхэм хэтахэу заузлI-интернационалист 42-м кьабгъэдэкI тхьигъэ. Ахэр щIэлъэIурт зыхуэфащэ къэрал органхэм хуит кьамыщIауэ яуха машинэ гъэувапIэхэр егъэтхьнымкIэ защIэдгъэкъуэну. Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм кьыбгъэдэкIа тхьэусыхафэм хэплъэу Налшык къалэ судым ищIа унафэм иткъ иткIэ щIадзауэ ирахырт а автомобиль щIэгъэувапIэхэр. Уполномоченнэм 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м хуэзфIэкIащ судым и унафэр кьызэтригъэувыIэн. Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм щIыгъуу тIэунейрэ тепсэлъыхьащ а Iуэхум икIи ветеранхэр зыщIэлъэIуар хуащIэну зэгурыIуащ.

2020 гъэм бдзэзуэгъуэм и 1-м зыкъытхуигъэзащ ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъ В., Iэ иIэтыныкIэ дыдэIэпыкъуну. Сыхьэт ныкъуэм кьриубыдэу а Iуэхур зэфIэдгъэкIащ икIи Iэ зэраIэт урнэр абы и деж хуаащ. В. фIыщIэ кьытхуищIащ зыщIэлъэIуа Iуэхур псынщIэу зэрыхуэзфIэдгъэхьам папщIэ.

2020 гъэм и фокIадэм Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзащ Цыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Севастополь щыIэм. Ар кьыщIэлъэIурт В. и къуэр КъБР-м щыIэ псиконеврологие сымаджэщым егъэшэнмкIэ дыдэIэпыкъуну, апхуэдэ Iуэхущ1апIэ Севастополь зэрыдэмытым кьыхэкIыу. Уполномоченнэм а Iуэхури тэмэму зэфIихащ.

2020 гъэм щэкIуэгъуэм и 6-м Уполномоченнэм В. кьыбгъэдэкI тхьэусыхафэ кьыIэрыхьащ суд пристав-гъэзэщIакIуэм и унафэкIэ и счётым, хабзэр кьызэпауду, ахъшэ зэрырахам кьыхэкIыу. КьызэрыщIэкIымкIэ, Налшык щыпсэурт абы и цIэ-унэцIэм хуэдэ дыдэ зезыхьэ цIыху. Iуэхур зэхагъэкIри, нIуэ кьэхъуащ В. щIыхьэ зэрытемыльэр.

ЦIыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкIэ Уполномоченнэр пандемием и лъэхъэнэм зэрылэжьар

Цыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкIэ Уполномоченнэр, адрей ди лэжьэгъу псоми хуэдэу, 2020 гъэм лэжьащ коронавирус узыфэ зэрыцIалэм пэщIэтыным епха пандемием кьигъэув щытыкIэхэм ити. Республикэм и Оперативнэ штабым хэткIэрэ, Уполномоченнэм жыджэру яди Iыгъащ коронавирусым зыщахъумэн папщIэ нэкIуупхъуэхэр, дезинфекцэ зэращI Iэмэпсымэхэр цIыхухэм кьагъэсэбэпыным хуэгъэзауэ зэрыралымрэ щIыналъэмрэ я унафэщIхэм, апхуэдэуи узынщагъэр хъумэн Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэна лэжьыгъэр. Дэ телевиденэр, радиор, газетхэр кьэдгъэсэбэпурэ цIыхухэр хьэуедджащ Iэмал зэриIэкIэ захъумэжыным. Оперативнэ штабым и чэнджэщым теху, Уполномоченнэм и институтым и лэжьакIуэхэм ящыщ Iыхьэ Iэнатlэм пэIэщIэу гъэлэжьэным теухуа унафэ къищтащ, апхуэдэуи цIыхухэр Iуэхущ1апIэм кьекIуалIэу лэжьэныр пIалъэкIэ кьызэтригъэувыIащ, республикэм щыпсэухэм я тхьэусыхафэхэмрэ зыкъызэрыхуагъазэхэмрэ пошткIэ, электрон Iэмалкlэ кьагъэхь хъууэ зэтриухуэри.

Щытыкlэр кьалъытэри, аппаратым и лэжьакIуэхэр чэзукIэрэ пльыру Iуэхур яублащ. А лэжьыгъэм кьыхашащ Уполномоченнэм кьала округхэмрэ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэмрэ дзыхь зыхуищу щIIэ лIыкIуэхэр. Ахэр псынщIэу хэплъэрт интернеткIэ кьагъэхь тхьигъэхэм.

Псом хуэмыдэу гулъытэшхуэ хуащIащ коронавирус узыфэ зэрыцIалэм пэщIэт медицинэ лэжьакIуэхэм хуагъэува ахъшэр, хуэмыщIауэ псэухэм зэрадэIэпыкъу социальнэ ахъшэр и чэзум яIэрыхьэным теухуа Iуэхухэм.

Кьыхэгъэщипхъэщ, властым и орган псори, граждан жылагъуэм и институтхэр, дин зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэдегугъуу, зэдуэуэ зэрылэжьам и фIыгъэкIэ республикэм узыфэ бзаджэм зыщиубгъуныр кьыззэтрагъэувыIэн, иужькIи мардэ ткIийхэм хуэм-хуэмурэ кьытекIыжу щIидзэныр зэрахуэзфIэкIар. Республикэм хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ щохъуу узыфэр хьэлъэу зэрфыкIхэм, сымаджэщхэм гъэгъуэлъын хуей хъухэм я бжыгъэр. Апхуэдэу щытми, узыфэ зэрыцIалэм зэкIэ текIуэпакъым.

Пыхуэсыху, тхьэмбыл узхэр зыпкърытхэр щыIэмэ кьахутэн мурадкIэ щытыкIэм набдзэгубзаплъэу кIэлъоплъ «Роспотребнадзор»-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэмрэ КъБР-м Узынщагъэр хъумэныкIэ и министерствэмрэ. Мы зэманым абыхэмкIэ узытегузэвыхьын щыIэкъым. Iэщ1агъэлIхэм кьызэралъытэмкIэ, коронавирус узыфэр зыпкърытхэм гъатхэм кьахъхъуэнкIэ хъунущ. пыхуэсыхуэ хуэдэ узыфэхэри. Абы кьыхэкIыу Уполномоченнэр, узынщагъэр хъумэн Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм быдэу ябыщIауэ, набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъынущ:

вирусым зэрыпэщIэт хущхъуэхэр, дезинфекцэ зэращI, цIыхур узым щIыхьхъумэ Iэмэпсымэхэр, медицинэ аппарат хэхахэр ирикъуу республикэм иIэным;

пыхуэсыху, ОРВИ, тхьэмбыл узхэр зыпкърытхэр хъхутэным теухуа лэжьыгъэ республикэм щегъэжьIыным;

цIыхум мастэхэр яхэлъхьэныр кьызэрызэгъэрэщам;

коронавирусузыфэ зэрыцIалэм (COVID-19) зэрызыщIыпхъуэфыну щыкIэхэм цIыхухэм яхутепсэлъыхьыным.

Уполномоченнэр республикэм мастэр япэу щIыхьхезыгъэIуахэм ящыщщ икIи телевиденэмкIэ кьэпсэлъащ, ар щIыхьрамыгъэльхьэн щхьэусыгъуэ зимыIэхэм я хущхъуэр зрахьэлIэным кьыхуриджэну. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Оперативнэ штабым кьызэритымкIэ, мастэр республикэм щыпсэухэм яхэлъхьэным теухуа лэжьыгъэр жыджэру ёокIуэкI.

Пандемием и зэманым Уполномоченнэр цIыхум и хуитныгъэхэр кьызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ быдэу япыщIауэ ядэлэжьащ къэрал, муниципальнэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм.

Зыхуэфащэ Iуэхущ1апIэхэм я лIыкIуэхэр зыхэплъэн хуей Iуэхум ахэр кьарагъэблэгъащ, зэгурыIуэурэ унафэхэр кьащтащ.

Арэзы утехъуэу кьыхэбгъащ хъунущ ветеранхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ здэщIыIэ республикэ Iуэхущ1апIэхэм, тутнакъщхэм узыфэм зэрызыщрамыгъэубгъуар.

Уполномоченнэр мызэ-мытIэу кьыщыпсэльащ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм, Москва, Ставрополь къалэхэм щекIуэкIа щIэныгъэ-практикэ конференцэхэм хэтащ, апхуэдэуи я тхыгъэ кьытригъэдзащ Урысей Федерацэм Цыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэм и Бюллетеным.

Лэжьыгъэр иригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм Цыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэм, Федерацэмкlэ Советым Конституцэ законодательствэмкIэ, къэрал хуэзкIэмкIэ и комитетым, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ IлыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьагъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэм, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм щыIэ уполномоченнэхэм быдэу япыщIауэ. Видеоконференцэ зэпыщIэныгъэ мардэм тету Уполномоченнэр хэтащ Цыхухэм и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэхэм я Iэзэгъэуфу советым и зэIущIэм, Урысей Федерацэм Цыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэхэм «Тутнакъщхэм щаIыгъхэм я хуитныгъэхэр кьызэрызэпаудым хэплъэным теухуауэ» семинар-тренингыу Москва къалэм щызэхэтам. Ар иригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм Цыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэмрэ Кутафин О. Е. и цIэр зезыхьэ МГЮА-м цыхум и хуитныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ-егъэджэныгъэ центрымрэ. Докладыр Iахащ Центрым и Вестникым кьытрадзэну.

А зэманым кьриубыдэу Уполномоченнэм видеоконференц мардэм тету хэтащ коронавирус узыфэ зэрыцIалэм зыщиубгъуа лъэхъэнэм цIыхум и хуитныгъэхэм кьащхьэщыжыным теухуауэ кьыкъуэкI гугъуехьэр дэгъэкIыным щытепсэлъыхьа зэIущIэхэм, Урысей Федерацэм Цыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэм и нэIэ щIэту екIуэкIаxэм. 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м онлайн щIыкIэм тету сыхэтащ Урысей Федерацэм хыхь щIыналъэхэм Цыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкIэ я уполномоченнэхэм я Советым и зэIущIэм. ЛэжьапIэншэхэм ират пособиехэм, хьэрычэтыщIэхэм зэрызащIэбгъакъуэ хэунэхэм, медицинэ лэжьакIуэхэм я кьалэн нэхъ гугъу хьуахэр ягъэзэщIэным тезыгъэгушхуэ ахъшэхэр яхущIыгъуным ехьэлIа чэнджэщэр жыджэру кьыддаIыгъащ.

Уполномоченнэр хэтащ Воронеж областым Цыхум и хуитныгъэхэмкIэ и уполномоченнэм Воронеж дэт къэрал университетым кьыщызэригъэпэща щIэныгъэ-практикэ конференцым икIи абы кьыщыпсэльащ. Тхыгъэр кьытехуащ конференцым и материалхэр щызэхуахьэсыжа тхылъым.

Цыхухэм я хуитныгъэ кьызэпаудахэр зэтегъэувжьным хуэунэтIа лэжьыгъэм Уполномоченнэр быдэу щапщIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм, КъБР-м и Правительствэм, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьагъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэм, Сабийижм я хуитныгъэхэр хъумэныкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэм, Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитныгъэхэр хъумэныкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, прокуратурэм, Урысей Федерацэм Следствиемкlэ и комитетым Следствиемкlэ и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, Урысейм и ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм, Суд приставхэм я кьулыкъущIапIэу КъБР-м щыIэм, Урысейм Юстицэмкlэ и министерствэм и Управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м и Муниципальнэ ассоциацэхэм я зэгухьэныгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис Мэзлъыбэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм, Московскэ Патриархатым и Урыс члисэм и Псыхуабэ, Черкесск къудамэм, Псыхуабэ, Черкесск епархием Налшык округым щыIэ и благочиннэм, Профсоюзхэм я областной советым, тутнакъщхэм щIыхьым и хуитныгъэхэр кьыщыззэгъэпэщыным зи нэIэ тет къэрал Iуэхущ1апIэхэм, кIэлъыплъакIуэ жылагъуэ комиссэм, цIыхухэм кьащхьэщыжьыр Iуэхущ1апIэхэм. Организацэ куэдым зэгурыIуэныгъэхэр етщIыIаI дызэдэлэжьэным теухуауэ, ахэр гъэзэщIа зэрыхъум я нэIэ тетщ унафэщIхэм.

Хэхакlуэхэм я хуитныгъэхэр хъумэным, апхуэдэуи Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуа урысейпсо IэIэтым зыхуэгъэхьэзырынымрэ егъэкIуэкIыныгъэхэм зэрыхэтар

Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуа IэIэтыр екIуэкIащ жылагъуэ-политикэ Iуэху нэхъыщхьэм хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республицэм Цыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкIэ уполномоченнэу сыщылажьэкIэрэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Жылагъуэ-чэнджэщакIуэ советым сыхэткIэрэ, сэ сыхуитхъуэм си Iуэху епIлъыкIэм хэхакlуэхэр къытесшэну, сыту жыпIэмэ, дэтхэнэ зы цIыхуми Конституцэм кърит хуитныгъэщ езыр зэрыхуейм хуэдэу Iэ иIэтыныр.

Ар хъэльытауэ, махуэхъэс лэжьыгъэм щынэхъыщхьэу къэсльытэр хэхакlуэхэм я хуитныгъэхэр кьахуэзгъэпэщыныр.

А мурадыр диIэу дэ жыджэру дыдэлэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм, Iэ теддзащ хэхакlуэм и хуитныгъэр щIэзыгъэбыдэ зэгурыIуэныгъэм, ар зэрагъэзащIэр и нэIэ щIэтщ унафэщIым.

Iэ щIэт махуэм Уполномоченнэм и кьулыкъущIапIэм жэщ-махуэ псокIэ щыпльыращ Уполномоченнэм дзыхь зыхуищI цIыхухэр, «линэ пщтырым» и телефонхэр лэжьащ.

ЩIыналъэ хэхакlуэ комиссэхэм, апхуэдэуи языныкъуэ курыт еджапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ кьыщIэзрагъэпэщат хабзэм щыгъуазэ зэпыщI стендхэр, правэм ирилажьэ Iэщ1агъэлIхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэтхэр еджапIхэмрэ я щIэныгъэ-практикэ конференцыр щызэхэтащ.

Псом хуэмыдэу гулъытэшхуэ хуащIащ зи щхьэ Iуэху зезымыкхуэкIыр, ныкъуэдыкъуэгъэ зыбгъэдэлъ хэхакlуэхэм Iэ яIэтыныкIэ яIэ хуитныгъэхэр кьегъэзгъэсэбэныным. Абы папщIэ щыIналъэ зыбжанэ кьапщIатащ икIи муниципальнэ органхэм я унафэщIхэр щыгъуазэ ящIащ къэпщытэныгъэм кьрикIуахэм.

Iэлэтыр республикэм тэмэму щекIуэкIащ, цIыхухэм я конституцэ хуитныгъэхэр кьызэгъэпэщыным хуэгъэза къалэныр гъэзэщIа хъуащ.

2021 гъэм и бжьыхьэм зэхэтынущ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныкIэ органхэмрэ я хэхыныгъэхэр. КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм деж щылажьэ Жылагъуэ-чэнджэщакIуэ советымрэ Уполномоченнэм егъэщIылIа Эксперт советымрэ яужь итщ хэхыныгъэхэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ахэр егъэкIуэкIынымрэ.

Хэхыныгъэхэр егъэкIуэкIын Iуэхум и пIалъэм дыщыгъуазэщ, хэхакlуэхэм я хуитныгъэхэр хъумэным дыкIэлъоплъыфэ. Ахэри, нэгъэщI Iэмалхэри жыджэру кьэдгъэсэбэпынущ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм зэрытхуэзфIэкIкIэ дыдэIэпыкъунущ:

цIыхухэм Iэ я IэтыныкIэ яIэ хуитныгъэхэр нэсу кьагъэсэбэпынымкIэ, псом хуэмыдэу гулъытэ хуэтщIынущ зи ущынагъэм сэкъат иIэхэм абыкIэ защIэгъэкъуэным;

(КIэлъыкIуэр 3-нэ нап.).

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2020 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа доклад

(ПэщIэдзэр 2-нэ нап.).

хэхыныгъэхэр зэIухауэ, нахуэу егъэкIуэкIыныжмкIэ, IэIэтыр зэрекIуэкIым кIэлъыплъыныжмкIэ, Iэ зыIэтахэм я бжыгъэр къыщылъытэжкIэ икIи IэIэтым кърикIуахэр щыэхалъхьажкIэ. Абы папщIэ жыджэру къэдгъэсэбэпыну ди мурадщ КЪР-м и Жылагъуэ палатэм къызэригъэпэща кIэлъыплъкIуэхэм я институтыр;

хэхыныгъэ зэрекIуэкIынымкIэ цIыхухэм хъыбар егъэщIэныжмкIэ, хэхакIуэхэр Iэ щалIэтыну щыIэтхэм егъэблагъэным теухуа IуэхухэмкIэ. Абы папщIэ адэкIэ-мыдэкIэ щыфIэддзэнущ стендхэр, баннерхэр, IэIэтыр щекIуэкIыну зэманыр, щIыпIэр къыщыгъэлъэгъуащ;

хэхыпIэ участкхэр видеокамерэхэмкIэ къызэгъэпэщыныжмкIэ, ахэр Интернетым пыщIауэ щытыныжмкIэ;

хэхакIуэ ныбжьыщIэхэр, зи уэзыншагъэм сэкъат иIэхэр IэIэтыр зищIысым щыгъуазэ зыщI тхыгъэхэр зэхэлъхьэныжмкIэ, ахэр зэбгрегъэхьныжмкIэ;

хэхакIуэхэр IэIэтым хуэзщIэгъэуIуэныжмкIэ, хэхакIуэхэр а махуэм здэщыIэ щIыпIэм Iэ щегъэтыныжмкIэ, цIыхухэр щIыналъэ е участковэ комиссэхэм щегъэтхыныжмкIэ;

Урысей Федерацэм и Уполномоченнэхэм я Зззыгъэуу советым и чэнджэщхэм тету, къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныжмкIэ органхэмрэ хэплъэну яхуэгъэувын унэхэм я етIуанэ къатхэм е нэхъ лъагэжхэм, лифтхэр зыхэмытхэм хэхыпIэ участкхэхэр къыщызэрагъэпэщу яхуэмыдэным, зи щхьэ Iуэху хуиту зезымыхуэжьифхэр, зи Iэпкълъэпкъыр къызыдэмыбзхэр гугъу ирамыгъэхьным папщIэ.

Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр хэхакIуэм Конституцкъэ иIэ хуитыныгъэр къигъэсэбэпыфын папщIэ КЪР-м и ХэхакIуэкIо комиссэм зыщIэгъэкъуэныщ.

ЦIыхухэм я лэжьыгъэ IэнатIэкIэ, социальнэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр пандемием и зэманым хъумэныр

Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. къызэрыкIыгъэщыкIэ, къэралым и социальнэ политикэр хуэунэтIащ зыльэмыкIхэм (зэрыпсэун мыльку щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу къызыхуэмылэжьхэм) защIэгъэкъуэным, цIыхухэм зэхуэдэ IэмалхэряIэным, дэтхэнэми и лъэныныгъэмрэ и зэчиймрэ къигъэсэбэпурэ екъулIэныгъэхэр зыIэригъэхьным. Абы ипкъ иткIэ, къэралым цIыхур тэмэму псэунымкIэ Iэмалхэрякъызэрегъэпэщ, лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр хабзэкIэ щIеГъэбыдэ, цIыхухэм IэнатIэ яIэныжмкIэ, узынцэныжмкIэ яIэ хуитыныгъэхэр екъумэ, лэжьапIэ нэхъ мащIэ дыдэу къыIэрыхьэн хуейр егъэувэ, хэкум щыпсэу дэтхэнэри и жьы хъуГуэм хъуэт зищIэлъ ерыскъыкIэ, хущхъуэхэр, щыгъынкIэ, нэгуэщI зыхуеинуэмкIэ къызэгъэпэща зэрыхъуну ахъшэ ирет.

И социальнэ къалэнхэр игъэзащIэкIэрэ, псом хуэмыдэу пандемием и зэманым, къэралым хэкIыпIэхэр къегъуэт цIыхухэм я псэукIэр егъэдIэкIуэным хуэунэтIауэ.

Уполномоченнэмтхъуэсыхафэхэрк ыхьIэрохьэ цIыхухэм лэжьыгъэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудым, я улахуэхэр и чэзум зэраIэрымыхьэм теухуауэ. Мылъку зэрахуримыкъым къыхэкIыу Iэужьыгъэхэр ямыгъэлэжьэфу зэрызэхуащIыжам и зэранкIэ цIыхухэм я IэнатIэхэр яфIокIыуэ, лэжьапIэ щыувкIи я хуитныгъэхэр кIыхьэпауд. Мы зэманым IэнатIэхэр икъукIэ зэпэубыдащ. Иныкъуэхэр я лэжьапIэхэр яфIэкIуэдынкIэ мэшынэ, адрейхэм ар яГуэтыркъым, гугъу йохь. Цыхухэм лэжьапIэ зэрамыгъуэтым кьыдэкIуэ гугъуехьхэр ягъэмэщIэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ Iэмал зэмылIэужьыгъэхэр къыхалъхьэ республикэм щыпсэухэм защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ. Абы хуэунэтIауэ зэхалъхьа, КЪР-м и Правительствэм къищта «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныр» къэрал программэм щыубзыхуахэр ягъэзащIэ. Пандемием и зэманым зи лэжьапIэр зыифIэкIуэдахэм зыщыгагъэтхауэ «ЦIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныр» абыхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьащыныжмкIэ центр» къэрал кIэзонэ IэужьыгъэпIэм. Зыхуэфащэу къалъытахэм зэ тыгъуэу сом мин тхурытху иратащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэтIылъыгъэ фондым щыщу.

Урысей Федерацэм и Правительствэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 27-м къыдигъакIа унафэ №346-м, «ЛэжьапIэншэхэм яридэпэкIыу нэхъ мащIэ дыдэу, нэхъыбэ дыдэу иратахъшэм и Iэужьи» жыхIэм, и 1-нэ пунктым ипкъ иткIэ IэнатIэншэхэм ират пособиер 2020 гъэм сом 4500-м нэсащ икIи а мазэхэм дэтхэнэми хуэзэу апхуэдизкIэ зыщIагъэхъуащ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм 2020 гъэм мэкъуэгъэгъэм и 10-м къыдигъакIа унафэ №844-м ипкъ иткIэ, щыIэ хабзэхэм тету лэжьапIэншэу къалъыта, абы къыдэкIуэри зи ныбжьыр илъэс 18 иримыкъуа сабий зыпIэхэм IэнатIэ зэрамыIэм къыхэкIыу ират пособием 2020 гъэм и мэкъуэгъэгъэ - шыщхьэIуу мазэхэм хагъэхъуащ, дэтхэнэ зи сабийми сом миниц хуэзэу.

Щхьэзакъуэ хъарычэтыщIэхэу зи лэжьыгъэр 2020 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыщыщIэдзауэ къызэтезыгъэувIэн хуей хъуахэм икIи щыIэ хабзэм тету лэжьапIэншэу къалъытахэм Урысей Федерацэм и Правительствэм 2020 гъэм мэкъуэгъэгъэм и 10-м къыдигъакIа унафэ №844-м къару зэригъэуту, цIыхум зэрылэжьапIэншэм къыхэкIыу ират ахъшэр сом 12130-рэ хъуурэ агъэуващ, 2020 гъэм и жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ иратыну.

ЦIыхухэм IэнатIэ яIэныжрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ абыхэм къащхьащыжыныжрэ екъулIа къэрал Iэужьтхъэбзэхэр мы зэманым зэпымыуэ ягъуащIэ.

2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м Т. Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и Указым тету, коронавирус узыфэ зэрыщIалэм зэрызиубгъум къыхэкIыу ягъэува хабзэхэм япкъ иткIэ сабий зыщIэс унагъуэхэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ къратын хуей ахъшэр къызэрыпмыкъым къыхэкIыу. А Iуэхум дыкъэплъащ Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэр тщIыгъуу икIи унафэ тэмэм къащтэхукIэ абы ди кIэ тедгъэтащ. 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м ахъшэр унагъуэм иратыжащ.

Урысей Федерацэм и Президентым «Сабий зиIэ унагъуэхэм къэралым зэрызащIигъакIуэ IэмалыщIэхэм я IуэхукIэ» 2020 гъэм гъатхэпэм и 20-м къыдигъакIа Указ №199-м тету, 2020 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ, зи ныбжьыр илъэсищым къыщыщIэдзауэ илъэсибл хъуэхм мазэ къэс ахъшэ иратыну яГъэуващ, цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейуэ УФ-м и щIыналъэм щагъэува сом бжыгъэм хуэдизу унагъуэм щIэс дэтхэнэми хуэзэу Iэрымыхьэмэ. 2020 гъэм щыщхьэуIум и 1-м ирихьэлIэу апхуэдэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэм щIэупщIащ республикэм щыпсэухэм ящыщу 46.950-рэ.

КъимыдэкIэ, 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м къыдэкIа Федеральнэ закон №178-ФЗ-м, «Къэрал социальнэ дэIэпыкъуныгъэм теухуауэ» жыхIуIэм, зэрыщыубзыхуам ипкъ иткIэ, цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейуэ республикэм къыщалъытам хуэдиз зыIэрымыхьэ унагъуэхэм, апхуэдэу зи закъуэу псэу цIыху хуэмышIахэм гулъытэ хуащIу ираташ къэрал социальнэ дэIэпыкъуныгъэ.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэхэм я Зззыгъэуу советым къыхилъхьэ чэнджащхэу, жэрдэмхэу 2020 гъэм щэкIуэгъуэм къащтахэр Уполномоченнэм деIыгъ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу Къэрал Думэм щыIэ депутатхэм, Федеральнэ Советым хэтхэм захуегъазэ COVID-19 узыфэр зыпхырытхэр щагъэхъуж Iэужьыгъэ Iэхэм щылажьхэр IэнатIэ нэхъ гугъу пэрытхэм, зи узынщагъэкIэ щынагъуэ къызытехьэхэм хегъэбжэныжмкIэ зыкъыщIагъэкъуэну икIи илъэс къэс цIыхум ират зыгъэпсэхугъуэ мазэм иджыри апхуэдэ зы мазэ ахъшэ къыпэкIуэу зыхуущIагъуэм хагъэхьэну, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2013 гъэм мэкъуэгъэгъэм и 6-м къыдигъэкIа унафэ №482-м зэрыщыубзыхуам тету.

Лъжьыгъэ законодательствэм къыщыгъэлъэгъуэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъ ергъэн хэхауэ щыткъым Уполномоченнэр икIи абы къыхэкIыу цIыхухэм я тхъэусыхафэхэр зыхуэфащэ IэнатIэхэм хуагъахь, ахэр зэхагъэкIа нэужь Iуэхум кърикIуахэм ятеухуауи къыбар ирагъащIэж гуныкъуэгъуэр къызыбгъэдэкIам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ и къэрал инспекцэм 2020 гъэм къриубыдэу 650-рэ (2019 гъэм - 590-рэ) зыхуагъэзащ цIыхухэм, лэжьыгъэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудар къыхэщу. Абыхэм ящыщу лэжьапIэм теухуауэ 355-рэ (илэ ита илъэсым - 192-рэ), лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэхэр зэщIыIэныжрэ ахэр къытэжьныжмрэ - 31-рэ (43-рэ), лэжьыгъуэ зэманымрэ зыгъэпсэхугъуэ пIалъэмрэ - 55-рэ (51-рэ), лэжьыгъэ дисциплинэмрэ лэжьыгъэр зэрызэтеухуа щыкIэмрэ - 48-рэ (61-рэ), лэжьыгъэр хъумэным - 72-рэ (51-рэ), нэгуэщI IэужьхэмкIэ - 44-рэ (192-рэ). А Iуэхухэр зэхэгъэкIыным теухуауэ къэпщытэныгъэ 232-рэ ирагъэкIуэкIащ юридическэ лицохэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ екъулIауэ. Iуэхухэр щызэхагъэкIым лэжьыгъэ законодательствам и мардэхэр 841-рэ къызэпаудауэ къыщIагъэщащ. Абыхэм ящыщу 334-р лэжьапIэ зэрат щыкIэм екъулIат, 291-р лэжьыгъэр хъумэным, 98-р лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэхэр зэщIыIэным, 45-р лэжьыгъуэ, зыгъэпсэхугъуэ зэманкэм, 118-р нэгуэщI ныкъуэныгъэхэм екъулIат. Къэпщытэныгъэхэм наIуэ къащIа зэфIэмыкъыныгъэхэм апкъ иткIэ КЪР-м ЛэжьыгъэмкIэ и къэрал инспекцэм IэнатIэ Iутхэм я хуитныгъэхэр къызэпызыуда цIыхуи 142-рэ административнэ жэуапым ирашэлIащ.

Республикэм и прокуратурэм и органхэм къыщIагъэщащ цIыхухэм лэжьыгъэкIэ яIэ хуитныгъэхэм екъулIа IэнатIэм законкэр 5595-рэ (3488-рэ) къыщызэпаудауэ. Ахэр яГъэзэкIуэжьным хуэунэтIа протесту 727-рэ (629-рэ), представленэу 355-рэ (323-рэ), законкэр къызэпаудыну зэрызыумытыр, ар къызэремызэгъыр официальнэу гурагъэIуэу тхыгъэ 44-рэ (22-рэ) хуагъэхьащ а ныкъуэныгъэхэр къызэгъэзэхуахэм. ЦIыхухэм я лэжьапIэхэр кьрегъэтхыжьным хуэунэтIауэ судхэм тхъэусыхафэ 479-рэ (358-рэ) ягъэхьащ.

Зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ я хуитныгъэхэр хъумэныр

Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзащ Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ щыхьэ, илъэс 95-рэ хъу Б., газу игъэсам хуэзэ ахъшэр хуэмытурэ зэрызэтрихьам къыхэкIы. Ди лъэIыкIэ «Налышк щIыналъэзэхуаку Газпром» ООО-м щIыхуэр хэпщIыкIыу абы хуигъэмэщIащ икIи ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъ нэхъыщхьэм къытена ахъшэр итныжьныжмкIэ Iэмал къритащ.

Апхуэдэуи, зи ныбжьыр хэкIуэта, коронавирус узыфэ зэрыщIалэр зэуэлIа зэщхьэгъусэ зыбжанэм зыкъытхуагъэзащ. Уполномоченнэм абыхэм защIигъэкъуащ ахэр сымаджэщым игъэгъуэлъэныжмкIэ икIи и нэIэ тригъэтащ нэхъыжьхъэм зэрелэзэ щыкIэм. Ахэр республикэм фIыуэ къыщацIыху, пщIэ щызиIэ нэхъыжьхэзт. Ахэр узынщэ хъужащ икIи Уполномоченнэм фIыщIэ тхьилъхэр къыхуагъэхьащ зэрадэIэпыкъуам папщIэ.

Уполномоченнэм и аппаратым и лэжьакIуэхэр зи ныбжьыр хэкIуэтахэм, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм щакIэлъыплъ IэужьыгъапIэхэм я унафэщIхэм щепсэльыпIэм наIуэ къхъуащ а унэхэм щыпсэухэр гугъуехь зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыпуэр, ахэр зэфIэгъэкIыным Уполномоченнэр хэлIыфIыхьын хуейуи къызэрыувыр. Къапщтэмэ, жьы хуэхэр щапIыж унэхэм щыIэхэр хуэныкъуэт правовой дэIэпыкъуныгъэ. Псалъэм папщIэ, ахэр пенсэкIэ къызэрызэрагъэпэщым, ябгъэдэль мылъкур къызыхуагъэнэнур убзыхуным, абыхэм екъэлIа зэныкъуэкъуэхэр зэхэгъэкIыным теухуа упщIэхэр яIэт икIи юридическэ чэнджащ хуэныкъуэ щхьэкIэ, езыхэм я щхьэ Iуэху хуиту зэрызэрамыхуэжьфым, зэрымыузыншэм къыхэкIыу, ахэр зэрызэфIамыгъэхьэфыр къыщIэщащ.

Абы къыхэкIыу, эпидемиологие щытыкIэр зэрымыщагъуэри, зи ныбжьыр хэкIуэтахэр мардэ пыухыкIахэм тетын зэрыхуейри къэлытауэ, Уполномоченнэм и аппаратым и лэжьакIуэхэм юридическэ чэнджащхэр нэхъыжьхэм яГуэтыныр къызэрагъэпэщащ. Зи ныбжь хэкIуэтахэр, зи закъуэу къэна ныкъуэдыкъуэхэр щапIыж республикэ Iэужьщапитым – «Зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щапIыжу Налшык дзт унэ-интернат» къэрал кIэзонэ Iэужьщапитмрэ «Зи ныбжь хэкIуэтахэм папщIэ унэ хэха» къэрал Iэужьщапитмрэ щыIэхэр зыщIэщIэхэр щыхуэзэпкърах, юридическэ чэнджэщхэр къыщрат зэIущIэхэр зэпэлэщIу ирагъэкIуэкIащ, видеозэпущIэныгъэ Iэмалхэр къагъэщхьэпэри. Апхуэдэ Iуэху егъэкIуэкIыным теухуауэ Уполномоченнэм къыхилъхьа жэрдэмыр Iэужьщапитэхэм я унафэщIхэм гуапэу даIыгъащ. Дляпэки а Iэужь щхьэпэм пащэну зэгурыIуащ.

Гупытэтэ щхьэхуэ зыгъэуэтхэм, кIэлъплъныгъэ щхьэхуэм щIэтхэм ящыщщ «Псоми зэхуэдэ Iэмал яIэн» программэр гъэзэщIа зэрыхьыр. Ныкъуэдыкъуэхэм я хуитныгъэхэр нэсу къахуэгъэсабэпу щыты ным гугъуехьхэр иджыри мымащIэу хэлъщ. А псори къэтлъытауэ, дэ ди мурадщ 2021 гъэм парламент едэIэныгъэхэр кьыздгъэпэщыну, Уполномоченнэм кьеГэщIыпIауэ лажьэ эксперт советым и зэIущIэ едгъэкIуэкIыу а Iэужхэм дыхэпIъэну, зи щхьэ Iуэху зыхуэмеыхуэжьхэм я гуныкъуэгъуэхэм апхуэдэ щIыкIэкIэ гулъытэ хэха хуэтщIыну, а унэтIныгъэм хэхауэ делэжьыну.

Жьы хуэхэр щапIыж унэхэм щыIэхэм я шынагъэншагъэр къызэгъэпэщыным, абыхэм я хуитныгъэхэр хъумэным екъэлIа Iэужхэм гулъытэ хэха хуащIыпхъэщ зыхуэфащэ органхэм.

Республикэм узыфэ зэрыщIалэ шынагъуэхэм зыщаубгъуу уеужьэмэ, къэрал, муниципальнэ властым и органхэм къызэрагъэпэщын хуейщ цIыху екIуэлIапIэнэщхэр узыфэм зыщахъужмэ папщIэ здэщыIэ зыпу щIыпIэхэр, апхуэдэуи абыхэм иратыпхъэщ зэрызагъэкъэбзэн, узыфэм щыщызыхъумэн Iэмэпсымэхэр, ахэр щызэкIэлъыплъэбэнухэмкIи зыхуей хуэзауэ щытыпхъэщ.

Уполномоченнэм адэкIи и нэIэ тригъэтынущ ныкъуэдыкъуэхэм я хуитныгъэхэр къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм деж хъума зэрыхъу щыкIэм.

Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэхэм я нэIэ щIэмытыж сабийхэмрэ я хуитныгъэхэр хъумэныр

Уполномоченнэм илъэсхэми хуэдэу, иджыри зэпымыуэ и нэIэ тетщ сабий зеиншэхэр, адэ-анэхэм я нэIэ щIэмытыж сабийхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным теухуа законыр гъэзащIа зэрыхъум.

2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзащ ныбжьыщIэ зеиншэ К. икIи икIаш езымрэ и дэпхъумрэ фэтэрым къызэрыщIагъэкIыр. Фэтэрым ахэр щыпсэуащ Афганистаным щызэуа я адэм щыгъуэ. Я адэр дунейм ехьжри, и бынэр абы и фэтэрым къыщIэгъэкIыным теухуа Iэужур къаIэтауэ арат. Уполномоченнэр а Iэужр зезыхуэхэм ягурыIуауэ сабий зеиншэхэр фэтэркIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIа программэм иткIэ иткIэ зэдэлъхуэзэшIэхэм псэупIэ къратыхукIэ, зыщIэс унэм зэкIэ къыщIамыгъэIэпхъуныну.

Къэрал, муниципальнэ органхэр сыт хуэдизу емыгугъуми, зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныжмкIэ я пщэ къыдахуэ хьалэнхэр нэсу гъэзэщIа хъуркъым.

Къапщтэмэ, сабий зеиншэхэу, зи адэ-анэхэм я нэIэ щIэмытыжу къэнахэу псэупIэ зратын хуейуэ 2019 гъэм щыщышлэм и 1-м ирихьэлIэу чэзум щытащ 1466-рэ, абыхэм ящыщу 1121-м икIэщIыпIэкIэ фэтэр иратын хуейт, апхуэдэ хуитныгъэ яIэти. 2020 гъэм щыщышлэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм фэтэр иратын хуейуэ щатхахэм я бжыгъэр 1391-рэ хъурт, абыхэм ящыщу 1054-р хуитт псэупIэр пIалъэ къыхамыгъэкIыу къратыну, абыхэм я ныбжьыр илъэс 18 зэрырикъуам къыхэкIыу. 2020 гъэм къриубыдэу учётым яГэуващ цIыхуи 103-рэ икIи 2021 гъэм щыщышлэм и 1-м ирихьэлIэу зи гугъу тщIыхэм хуэдэу республикэпсо спискэм итащ цIыху 1460-рэ, абыхэм ящыщу 1126-м хуитныныгъэ яIэщ икIэщIыпIэкIэ зэрэ къратыну, абыхэм я ныбжьыр илъэс 18 зэрырикъуам икIи иткIэ.

Урысей Федерацэм ЦIыхухэм щIэныгъэ егъэГуэтыныжмкIэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ зэращIыпIа ЗегурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, зи гугъу тщIы гупхэм щыщхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным трагъэкIуэдэн папщIэ 2019 гъэм республикэм щыхухахауэ щытащ сом мелуан 43,8-рэ абы щыщу сом мелуан 40,7-р къэрал бюджетым къыхэкIащ, сом мелуани 3,06-р республикэ бюджетым щыщт. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм а Iуэхум иджыри сом мелуан 36,9-рэ хилъхьащ республикэ бюджетым къыхэкIыу. 2019 гъэм а мылъкум и процент 99,8-р къыхуагъэсэбэпащ зыхухахам.

Къэралым и пщэ дэлъ къалэныр игъэзащIэнымк IуэхуэнэтIауэ, Зегурыуныгъэм икIи иткIэ, 2020 гъэм а Iуэхум трагъэкIуэдэну яубзыхуауэ щытащ сом мелуан 42,9-рэ. Абы щыщу сом мелуан 39,9-р къэрал бюджетым, сом мелуаницщыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщт. Республикэ бюджетым абы иджыри сом мелуан 50 щIигъуэу щытащ. Хухаха мылъкум щыщу а Iуэхум къыхуагъэсэбэпащ сом мелуани 10,7-рэ, унэ зратын хуейхэм псэупIэ къахэхущхэуным теухуа зэгурыIуэныгъэхэр 69-рэ зэращIылIащ. Апхуэдэу щытми, псэупIэхэр къащхэуным теухуа зэгурыIуэныгъэхэр щызэращIылIар 2020 гъэм и щыщхьэуIу маззрауэ зэрыщытым къыщыкIыу, 2020 гъэм сабий зеиншэхэм фэтэру къызэрыущхуну яубзыхуа бжыгъэр илъэсым и кIэ пщIондэ яхуэзфIэкIыжакъым. Электроннэ мардэм тету аукционхэр 2020 гъэм гъатхэпэм и 20-м къыщыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 20 пщIондэ плIэнйрэ къралъхьащ Зыуэ щыт хъыбарегъащIэ системэм, ауэ унэ зыщхэхэр абыхэм кьапэджэжакъым. Мылъкум щыщу мащIэ фIэкIа къыщIамыгъэсэбэпам (процент 25,6-рэ) къызыхэкIар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ямыгъэIэпхъуэ мылъкур щэныжмкIэ щыIэ щытыкIэрщ, коронавирус узыфэ зэрыщIалэм зэрызиубгъуам къыхэкIыу республикэм и экономикэм зиужьыныр щIэужьыхауэ зэрыщытащ.

Абы ипкъ иткIэ, 2019 гъэм сабий зеиншэхэм псэупIэу 171-рэ къыхуащхуамэ, 2020 гъэм иратар зэрыхъур унэ 12-щ.

2020 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м Iэ зытрадза Зегурыуныгъэ №073-09-2020-470/4-м къызэрыщыгъэпэгъуамкIэ, а мурадкэм трагъэкIуэдэну яубзыхуащ сом мелуан 48,2-рэ. Абы щыщу сом мелуан 44,9-р къэрал бюджетым къыхэкIынущ, сом мелуани 3,4-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и мылъкущ.

Нэхъ пасэу, уполномоченнэхэр Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. щыIущIам, жэрдэм къыхалъхьауэ щытащ «Сабий зеиншэхэм папщIэ псэупIэхэр» Президент программэ зэха къащтэну, абы текIуэдэну мылъкури къэрал бюджетым щхьэхуэу къыхэкIыну яГэувыну. Ди жэрдэмым лъабжьэ хуэтщIари Урысейм «рязань» е «калугэ» зеиншэхэр щыIэн зэрыхуэмейрщ икIи адэ-анэншэу къэнахэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныр щIыналъэм бгъэдэлъ мылъкум елъытауэ щыт зэрымыхъунурщ.

ЦIыхухэм, псом хуэмыдэу Iэзэгъуэ зыхуамыгъуэт узыфэхэр зыпкърыт сабийхэм, загъэхъужыныжмкIэ, хущхъуэкIэ къызэрагъэпэщыныжмкIэ яIэ хуитныгъэхэр хъумэныр

Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ кIащхъэ щыхъурхъым узыфэ хьэлъэхэр (яхуэмыгъэхъужхэр) зыпкърытхэм еIэзэныжмкIэ щыIэ гугъуехьхэр. Абы къыхэкIыу Уполномоченнэр яужь итщ а социальнэ гугъуехьыр дэгъэкIа хъуным. А Iуэхум куэдрэ щытепсэльыхьащ Урысей Федерацэм хьыхэ щыналъэхэм щыIэ Уполномоченнэхэм я зззыгъэуIу советхэм я зэIущIэхэм, щIэныгъэ-практикэ конференцхэр ирагъэкIуэкIащ, доклад хэхахэр яГэхъыззащIащ, къэралым, щыналъэхэм я хъыбарегъащIэ IэужущIэ. ПIэхэри къагъэсэбэпурэ жьылагъуэр мы гугъуехьым къыхэкIа хъунымкIэ щыIэ Iэужу епIыкIэхэр хэIуцIыну ящIащ. Уполномоченнэм а Iэужр къыщIэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым икIи абы хэкIыпIэ хуэзэчунхэм щытепсэльыхьащ, конференцэм я утыку тIэунейрэ къыхьащ, илъэс къэс ищI докладхэм къыщыкIэрщащ абы теухуауэ цIыхухэр гугъуехьышхуэхэм зэрыхэтыр, хэщыщхьэращ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынщагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм щыгъуэу ядэIэпыкъуащ узыфэ яхуэмыгъэхъужхэр зыпкърытхэу республикэм щыпсэухэм.

Куэдрэ узримыхьэлIэ, яхуэмыгъэхъужхэ узыфэхэу Къэрал регистрым ихуэхэм хуэдизу зыпкърытхэу 113-рэ республикэм исщ, 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м ирихьэлIэу ятхауэ. Хущхъуэгъэгъуэ зыкъэперыкъым хэхарэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ мылъкукIэ къыхуащхуным цIыху 61-рэ хуэныкъуэт.

Апхуэдэ сымаджэхэр хущхъуэрэ хущхъуэгъуэ зыхэлъ ерыскъы хэхауэ зыхуэныкъуэм псори зэхэту сом мелуан 84,7-рэ хуэзащ.

2020 гъэм апхуэдэ узыфэхэр зыпкърытхэм зыхуэныкъуэхэр къыхущхуным сом мелуан 60,4-рэ трагъэкIуэдащ. Абы щыщу сом мелуан 13,3-р къэрал бюджетым къыхэкIащ, сом мелуан 47,1-р республикэ бюджетым къыхаха мылъкущ.

Урысей Федерацэм и Президентым 2021 гъэм и пэщIэдзэм ди къэралым зэи къыщымыхъуа унафэ къыщIащ - илъэсым кIуригъэбыдэу сом мелуанитхум щIигъу къызыIэрыхьэхэм налогыу ятым хэгъэхъуэным теухуауэ.

Апхуэдэу къыхэкIыну къалъытэ сом мелард 60 хуэдиз хъур сабий сымаджэ хьэлъэхэр гъэхъужным, абыхэм ядэIэпыкъуным трагъэкIуэдэнущ.

А жэрдэмыр жылагъуэм хуабжьу ягу иритхьащ икIи фIыщIэ хуащIащ. А Iуэхур зезыгъэкIуэну «Круг добра» фонд хэхаи къызэрагъэпэщащ. Фондым и мылъкур тэмэму, зыхуахэм къахуэщхьэпэу къагъэсэбэпын папщIэ абы зи нэIэ тетыну совет зэхашащ, дохутыр, къэрал къулыкъущIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр хэту. Абы къыдэкIуэу Урысей Федерацэм Узынщагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм зэхилъхьащ а узыфэ лIэужьыгъуэхэм хагъэхьэнухэр дэтхэнэхэрами, къимыдэкIэ, хущхъуэхэм ящыщу сымаджэхэм ирахьэлIэнухэри яубзыхуащ (лIэужьыгъуэ 41-рэ хъуэ). ЗэкIэ къызэралъытащ, апхуэдэ щыкIэкIэ игъэхъужын хуей сабийхэр минилI мэхъу.

ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэм и институтым зегъэужьныр, законодательствэр егъэфIэкIуэныр

2020 гъэр Урысей Федерацэм ЦIыхум и хуитныгъэхэр хъумэныжмкIэ и уполномоченнэхэм я дежкIэ щытащ икъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэу, къаIэнышхуэ я пщэ къыщыдэхуа зэманым.

2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м Урысей Федерацэм и Президентым Iэ щIидзащ «ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм щыIэхэм я теуху» жыхIуа Федеральнэ закон №948-ФЗ-м.

ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэхэу Урысей Федерацэм хьыхэ щIыналъэхэм щыIэхэм я лэжьыгъэр тэмэму къызэгъэпэща, унэтIа хъун папщIэ а Законым уполномоченнэхэр зытетыну хабзэхэр иубзыхуащ, къэрал властым и органхэмрэ граждан жылагъуэм и институтхэмрэ зэрадэлэжьэну щIыкIэхэр игъэбелджылащ.

Законыр къызэращтам и фIыгъэкIэ щIыналъэхэм щыIэ уполномоченнэхэм хабзэ и лъэныкъуэкIэ дэIэпыкъуэгъу лъабжьэ лъэщ яIэ хъуащ икIи цIыхум и хуитныгъэхэр хъумэныжмкIэ Iэмалыщ Iэхэри абы къаритащ.

Федеральнэ законым щIыналъэхэм я уполномоченнэхэм я полномочиехэм зрегъэубгъу: зи хуитныгъэхэр къызэпауда цIыху цIыхьхуэм е пыухыкIауэ мыубзыхуа цIыху гупым къащхьащыжу судым административнэ лъэныкIэ зыхуагъэзэну, апхуэдэу къару зыгъэIуэту суд унафэм и тэмэмагъэр къипщытэн папщIэ прокуратурэм елъэIуну хуит ещI.

Къапщтэмэ, уполномоченнэр хуитщ законкIэ къару зыгъэуэта граждан, административнэ суд унафэхэм ехьэлIа материалхэм щыгъуазэ зищIыну, граждан тхьэусыхафэхэр щызэпкърахым и мызакъуэу, цIыхухэм я хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ зэпымыуу я къызэрызэпаудам теухуауэ къаIэрыхьа дэтхэнэ информацэми щыхэпIэкIэ хэтыну. Абыхэм къадэкIуэу законым гурыIуэгъуэу еубзыху уполномоченнэр и къулыкъым щагъэувкIэ е щытрагъэкIкIэ къалъытэн хуейкэр, апхуэдэу властым и органхэр уполномоченнэхэм я чэнджэщхэм зэрыхэпIъэщIыкIэр. Федеральнэ законым иубзыхуа апхуэдэ мардэхэр республикэ законым хэзылъхьэж зэхъуэкIыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2020 гъэм и дыгъэгъазэ маззм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыхилъхьа а законопроектыр КЪР-м и Парламентым и депутатхэм зэкъыIэгъуу къызэращтам къеГэльаГэуэ цIыхухэм я хуитныгъэхэмрэ граждан щхьэхуитныгъэхэмрэ хъумэным республикэм гулъытэ нэс зэрыщыхуащIыр. Апхуэдэу къыхэгъэщын хуейщ мы законым ипкъ иткIэ уполномоченнэм и статусыр, ар зыми и унафэм щIэмытыныжмкIэ

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2020 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа доклад

(ПэщІэдзэр 2 - 3-нэ нап.).

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и лІыкІуэ (законхэр къыдэзыгъэкІ), гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэгъэпэщыкІэм теухуауэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхукіэ» 1999 гъэм жэпуэгъэм и 6-м къащта федеральнэ закон №184-ФЗ-м, Урысей Федерацэм и субъектхэм щыІэ уполномоченнэхэм я лэжьакІэ хабзэм и лІабжьэу нэхъ япэкІэ щытам, и 16.1-нэ статьям щыІнаІуэхэм щыІэ уполномоченнэхэм я статусыр федеральнэ Іэнатіэм щыщІигъэбыдэу икІи уполномоченнэхэм я Іуэхущіапіэхэр Урысей Федерацэм и субъект псоми къыщыІэзгъэпэщыныкІэ мардэ пыухыкІахэр иубзыхуу арат. Апхуэдэу щыщыткІэ, щІыналъэ уполномоченнэхэм я лэжьакІэр субъект зэмылІэужьыгъуэхэм къызэрыщыІэзрагъэпэщыр зэрызэтемыхуэм якъэхІыу, зи хуитыныгъэхэр къызэпауда цІыхухэм я щІыналъэхэм щыІэхэр зыми и уна-фэм щІэмытыныкІэ статусыр щІигъэбыдаш.

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и субъектхэм щыІэхэр щІыналъэ къэрал кІуныкъущІэу къэнэжащ, ахэр я кІуныкъум ягъэуф (ях) Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и лІыкІуэ (законхэр къыдэзыгъэкІ) органхэм икІи абыхэм я лжьыгъэр къызэрагъэпэщ щІыналъэ бюджетхэм я ахъщэкІэ. Ауэ Урысей Федерацэм и субъектхэм щыІэ уполномоченнэхэр щагъэувакІэ е и пІалъэр къэмысауэ щытригъэкІкІэ абыхэм я кандидатурэхэм ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІэр арэзы техъуэн хуейщ (Федеральнэ законым и 5-нэ статьям и Іыхьэ 4-нэ, 8-нэ статьям и Іыхьэ 3-нэ) икІи апхуэдэ хабзэм уполномоченнэм и статусымрэ ар зыми и унафэм щІэмытыныкІэ шэсыпІэхэмрэ кьеІэт.

2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къащта Федеральнэ закон №48-м къыдэкІуэу цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэхэм я статусыр нэхэри кьэІэтынымрэ ахэр зыми и унафэм щІэмытыныкІэ шэсыпІэхэр щІэгъэбыдэныкІэ сэбэп хъуащ «Урысей Федерацэм и Уголовно-процессуальнэ кодексым и 56-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» 2020 гъэм мэлыхьыхьым и 24-м къащта Федеральнэ закон №130-ФЗ-р; «Урысей Федерацэм и Граждан процессуальнэ кодексым и 69-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м къащта Федеральнэ закон №131-ФЗ-р. Абыхэм япкъ иткІэ ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІэр, цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и субъектхэм щыІэхэр езыхэм я арэзыныгъэ хэмылІэу щІыхьэту ягъэувыдыныкъым. Иджы ахэр хуитщ къулыкъуфІэ къэдгъэзэкІ къалэнхэр щагъэзащІэм щыгъуазэ зыхуэхъуахэм ятеухуауэ уголовнэ, граждан зэхэгъэкІыныгъэхэм щыхьэту хэмытыну.

Ар ауэ сытми «юридическэ фащэ» къудейкъым, атІэ омбудсменыр зыми и унафэм щІэмыхуэныкІэ шэсыпІэ нэсщ, абы щІыхуэхм кьыхуащІ дзыхьыр гъэбыдэныкІэ шэсыпІэщ.

ИщхьэкІэ кьыщыгъэлъэгуа закониТІр зыгъэхьэзырахэм зыхуагъэувыжауэ щыта мурадхэр нэгъэсауэ гъэззщІа хъун папщІэ, дэ кьыззрытлъытэмкІэ, щыхьэту мыувыныкІэ хуитыныгъэр езы уполномоченнэхэм кьадэкІуэу, абыхэм я аппаратхэм я лэжьакІуэхэм ялэн хуейщ. Уполномоченнэм щыІгъуу махуэ кьэс хьабгъэдэхуэу я къалэнхэр аппаратым и лэжьакІуэхэми ирахьэкІ икІи абыхэм ящІэ лэжьыгъэкІэ дэ дызыщыгъуазэ псори. АрщхьэкІэ щыхьэту мыувыныкІэ хуитныгъэр апхуэдэ лэжьакІуэхэм ятехуэрхъыми, мыбдеж тынш дыдэу кьыщыпэпкІухьыфынуц цІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм щыІэхэм законым икІи иткІэ ягъуэта хуитныгъэм.

Гу лъытапхъэщ цІыхум и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ кьызэрызэпаудам теухуауэ кьаІэрыхьа тхьэусыхафэм е нэгъуэщІ информацэм зэрыхэпІам кьрикІуахэм якъ иткІэ уполномоченнэхэм езыхэм я унафэкІэ къэрал органым, муниципальнэ органым, организацэм, кьулыкъущІэм кьащта унафэм е абыхэм я емыгугъныгъэм кьыхэкІыу цІыху щхьэхуэм, зи бжьыгъэ пыухыкІауэ щымыт цІыху гупым я хуитныгъэхэр, щхьэхуитныгъэр кьызэрызэпаудам кьыхэкІыу судым тхьэусыхафэкІэ зыхуигъэззэну хуитныгъэ 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м кьыдэкІа Федеральнэ закон №48-м икъ иткІэ зэреттар. Судыр апхуэдэ Іуэхухэм щыхэпІэм дежь уполномоченнэр езыр и щхьэкІэ е абы я къалэнхэр зи пщІ дилъхьа лІыкІуэр щІэсхунущ. ЩІэуэ я гъуэта а полномочиехэр нэхъ тегушхуауэ кьагъэсэбэпмэ, Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм хуитныгъэхэр зыщымыкІэ щыІэ уполномоченнэхэм я зэфІэкІымрэ пщІэмрэ нэрылъагъуу нэхъ лъагэ хъунущ.

2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къащта Федеральнэ закон №48-м и Іыхьэ 2-м и пункт 5-м икъ иткІэ Урысей Федерацэм и щІыналъэм щІыхуэм и хуитныгъэхэмкІэ щыІэ уполномоченнэр тхьэусыхафэхэм щыхэпІам Урысей Федерацэм и граждан, административнэ Іуэхухэм щыгъуазэ зищІыну Іэмал иІэ хъуащ. Ауэ дэ лъабжьэ имыІэу кьыдольытэ хьагъу зыгъуэта е судыр хэмыпІэу зэхуащІыжа уголовнэ Іуэхухэм, уголовнэ жэуап щІахьхэм химыуфыдэу кьалъыта Іуэхухэм ехьэлІауэ апхуэдэ хуитныгъэ зэрамыгъэувар. Иджыпсту ищхьэкІэ кьыщыгъэлъэгуа материалхэм щыгъуазэ зищІыну полномочиехэр зиІэр ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІэм и закъуэщ. Къэралым и субъектхэм щыІэ уполномоченнэхэм я зэфІэкІыр абы и лІэныкъуэкІэ кьэбзыхьащ икІи тхьэусыхафэ щхьэхуэхэр нэгъэсауэ зэпкърыхьныкІэ, зэрыгурыуэгъуэщи, ар сэбэп хъуркъым.

Шэч хэмылъу, 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къащта Федеральнэ закон №48-ФЗ-р цІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм щыІэхэм я Іуэхущіапіэм зегъэужьыныкІэ, абы и правовой лъабжьэр гъэбыдэныкІэ лъэхъэнэщІащ икІи уполномоченнэхэм я дежкІэ ар тегъэщІапІэ лъэщІ. Абыхэм кьадэкІуэу жыІэн хуейщ а законыр нэгъэсауэ дагъуэнэщІ зэрыщІымытыр. Закон мардэу абы щагъэувахэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэр кьэкІуэну зэманым ядэлэжьэнущ ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым.

Уполномоченнэр хабзэхъумэ органхэмрэ судхэмрэ зэрадэлажьэр

ЦІыхум и хуитныгъэхэм кьащхьэщыжыным, граждан шынагъэншагъэ кьызэрагъэпэщыным хузгъэзауэ Уполномоченнэр лъэныкъуэ зэмылІужьыгъуэхэмкІэ ядолажьэ республикэм и хабзэхъумэ органхэмрэ судхэмрэ. А органхэм я унафэщІхэр Уполномоченнэм зэрызахуигъаазэкм гулъытэ яхэлъу хоплъэ. Псом хуэмыдэу лэжьыгъэкІэ быдэу дапщІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм, Тезырхэр егъэпшыныныкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм, Суд приставхэм я федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм. Мы лэжьыгъэр нэрылъагъуу ятеухуа ягъэтІысауэ ягъэтІысауэ уголовнэ-гъэзэщІакІуэ системэм и Іуэхущіапіэхэм щаныгъэхэм я хуитныгъэхэр хъумэным и лъэныкъуэкІэ Урысей Федерацэм и субъектхэм щыІэм и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу щыІэхэм прокуратурэм и органхэр нэхъ быдэу япщІауэ зэрыщытпхъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Президентым 2020 гъэм и гъатхэпэ мазэм кьиргъэувахэм.

Блэкіа илъэсым уголовнэ суд Іуэхухэм хэхуахэм ящыщу цІыху 45-м Уполномоченнэм зыкъыхуагъэзащ уголовнэ жэуапым ирашэлІэну кьаазэрытемыхуэм, зэхэгъэкІыныгъэхэр езыгъэкІуэкІэм Іуэхум нэфІ-неІ зэрыхалъхьэм, кьуаншагъэ зэрабгъэдэмыгъыныкІэ кьахь щапхъэхэрэ щыхьэтхэм жаІэжэмрэ судым кьыззримыщтэм, зэхэгъэкІыныгъэхэр законым кьемыдэгъэнущ кІыхьлІыхь зэращІым, нэгъуэщІхэми ятеухуауэ къэтхъэусыхэу. Тхыгъэхэм я нэхъыбапІэр кьыщыгъэрыхьам ахэр зэхагъэкІыу е судым щыхэпІэуэ хуежьам, уголовно-процессуальнэ законым кьызэригъэувым тету, абыхэм кьыщыгъэлъэгуахэр щыІэ хабзэхэм тету зэхагъэкІыныгъэхэм щыхьэту хэмытыну.

Ар ауэ сытми «юридическэ фащэ» къудейкъым, атІэ омбудсменыр зыми и унафэм щІэмыхуэныкІэ шэсыпІэ нэсщ, абы щІыхуэхм кьыхуащІ дзыхьыр гъэбыдэныкІэ шэсыпІэщ.

ИщхьэкІэ кьыщыгъэлъэгуа закониТІр зыгъэхьэзырахэм зыхуагъэувыжауэ щыта мурадхэр нэгъэсауэ гъэззщІа хъун папщІэ, дэ кьыззрытлъытэмкІэ, щыхьэту мыувыныкІэ хуитныгъэр езы уполномоченнэхэм кьадэкІуэу, абыхэм я аппаратхэм я лэжьакІуэхэм ялэн хуейщ. Уполномоченнэм щыІгъуу махуэ кьэс хьабгъэдэхуэу я къалэнхэр аппаратым и лэжьакІуэхэми ирахьэкІ икІи абыхэм ящІэ лэжьыгъэкІэ дэ дызыщыгъуазэ псори. АрщхьэкІэ щыхьэту мыувыныкІэ хуитныгъэр апхуэдэ лэжьакІуэхэм ятехуэрхъыми, мыбдеж тынш дыдэу кьыщыпэпкІухьыфынуц цІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм щыІэхэм я ехьэлІауэ хъарпц. Уголовнэ Іуэхухэм щыщу 643-р следствиемкІэ органхэм зэхагъэкІакъым уголовно-процессуальнэ законым щыгъэзыхуа пІалъэхэм кьриубыдэу. Апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр ягъэзэкІуэжьи папщІэ прокурорхэм, УФ-м и Уголовно-процессуальнэ кодексым и 37-нэ статьям тету, следствиемрэ дознаниемкІэ органхэм я унафэщІхэм тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэу 2175-рэ хуагъэхьащ. Абыхэм якъ иткІэ кьуаншагъэ зыІэщІэкІа кьулыкъущІэ лэжьакІуэхэм ящыщу 729-рэ дисциплинарнэ жэуапым ирашэлІащ.

Урысей Федерацэм Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм тхьэусыхафэу, кьинэмыщІ тхыгъэу 2020 гъэм 482-рэ Іэрыхьащ следствиер, зэхэгъэкІыныгъэхэр, оперативнэ-кьэлъыкуэкІуэ Іуэхур щрагъэкІуэкІкІэ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэхэм цІыхум и хуитныгъэхэр кьызэрызэпаудам теухуауэ. Тхьэусыхафэхэм ящыщу 72-м кьыщыгъэлъэгуат уголовнэ зэхэгъэкІыныгъэхэм хэхуахэм, суд зытращІыхьахэм, нэгъуэщІхэм кьарукІэ зэрытрахьуэзэр, залымыгъэ зэрыгъэрахьр. Апхуэдэ тхьэусыхафэхэм я нэхъыбапІэр, 392-р, зыхуэгъэзауэ щытар полицэм и лжьакІуэхэрэщ. Мыдрейуэ, тхыгъэ 54-р Тезырхэр егъэпшыныныкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм, 28-р Суд приставхэм я федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм, 4-р УФ-м Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм, 2-р Урысей гвардиемкІэ управленэу КъБР-м щыІэм, 1-р Урысей Федерацэм Шынагъэншагъэмкіэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм, 1-р прокуратурэм я лжьакІуэхэм ятеухуат. Абыхэм зэрыхэпІам кьрикІуахэм якъ иткІэ уголовнэ Іуэхуу 24-рэ ирагъэжьащ. Нобэм ирихьэлІэу Іуэху 11-р зэхэгъэкІын яухри, судым ягъэхьащ, адрейхэм иджыри иолэжь.

Полицэм и лжьакІуэхэм цІыхухэм я хуитныгъэхэмрэ абыхэм законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ кьызэрамыльытэм теухуауэ КъБР-м щыІэ МВД-м тхьэусыхафэ 339-рэ хуагъэхьащ. Ахэр зэрызэхагъэкІам икъ иткІэ тхыгъэу 49-м итхэр пэжу кьалъытащ. Абыхэм ящыщу тхьэусыхафэу 8-м хабзэхъумэхэм зэхащІыхьауэ кьыщыгъэлъэгуахэр уголовнэ кьуаншагъэу кьыщІэкІыныгъэхэм я хуитныгъэхэмкІэ хъуну зэрыщытым кьыхэкІыу а тхыгъэхэр следствиемкІэ органхэм иратащ.

Следствиемрэ дознаниемкІэ органхэм хабзэм кьемыдзыгъуу цІыху 16 уголовнэ жэуапым ирашэлІащ икІи абыхэм ятеухуауэ кьыщзэІуахэ Іуэхухэр судым ягъэхьащ. Ауэ судым ахэр хэй ищІащ е уголовнэ Іуэхухэр зэхуищІыжащ ягъэхъуаншэхэм кІэралъхьэ хабзэншагъэхэр зэрамылэжьам кьыхэкІыу.

Ягъэхъуаншэхэм я хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ следствиемрэ дознаниемкІэ органхэм нэрылъагъуу кьызэрызэпаудам кьыхэкІыу уголовнэ Іуэху 13-м судхэр щыхэпІэм кьыщІэща апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр адэкІэ кьамыгъэхъуну ягъуэуву а Іэнатіэхэм я унафэщІхэм зыхуэфащэ тхыгъэхэр хуагъэхьащ.

Следствиемрэ дознаниемкІэ органхэм хабзэм кьемыдзыгъуу цІыху 16 уголовнэ жэуапым ирашэлІащ икІи абыхэм ятеухуауэ кьзэІуахэ Іуэхухэр судым ягъэхьащ. Ауэ судым ахэр хэй ищІащ е уголовнэ Іуэхухэр зэхуищІыжащ ягъэхъуаншэхэм кІэралъхьэ хабзэншагъэхэр зэрамылэжьам кьыхэкІыу.

Ягъэхъуаншэхэм я хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ следствиемрэ дознаниемкІэ органхэм нэрылъагъуу кьызэрызэпаудам кьыхэкІыу уголовнэ Іуэху 13-м судхэр щыхэпІэм кьыщІэща апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр адэкІэ кьамыгъэхъуну ягъуэуву а Іэнатіэхэм я унафэщІхэм зыхуэфащэ тхыгъэхэр хуагъэхьащ.

Ягъэхъуаншэхэм я хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ следствиемрэ дознаниемкІэ органхэм нэрылъагъуу кьызэрызэпаудам кьыхэкІыу уголовнэ Іуэху 13-м судхэр щыхэпІэм кьыщІэща апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр адэкІэ кьамыгъэхъуну ягъуэуву а Іэнатіэхэм я унафэщІхэм зыхуэфащэ тхыгъэхэр хуагъэхьащ. Ауэ ящыщу тхьэусыхафэу 8-м хабзэхъумэхэм зэхащІыхьауэ кьыщыгъэлъэгуахэр уголовнэ кьуаншагъэу кьыщІэкІыныгъэхэм хъуну зэрыщытым кьыхэкІыу а тхыгъэхэр следствиемкІэ органхэм иратащ.

Следствиемрэ дознаниемкІэ органхэм хабзэм кьемыдзыгъуу цІыху 16 уголовнэ жэуапым ирашэлІащ икІи абыхэм ятеухуауэ кьзэІуахэ Іуэхухэр судым ягъэхьащ. Ауэ судым ахэр хэй ищІащ е уголовнэ Іуэхухэр зэхуищІыжащ ягъэхъуаншэхэм кІэралъхьэ хабзэншагъэхэр зэрамылэжьам кьыхэкІыу.

Ягъэхъуаншэхэм я хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ следствиемрэ дознаниемкІэ органхэм нэрылъагъуу кьызэрызэпаудам кьыхэкІыу уголовнэ Іуэху 13-м судхэр щыхэпІэм кьыщІэща апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр адэкІэ кьамыгъэхъуну ягъуэуву а Іэнатіэхэм я унафэщІхэм зыхуэфащэ тхыгъэхэр хуагъэхьащ

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2020 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа доклад

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 2 - 4-нэ нап.).

Хабзэр къызэпамыуду зэман пыухыкІакІэ тутнакъэщым исахэр условнэ тезырым хуэгъэкІуэным, абыхэм хьахуэнжа зэманым тезырыр зэрыгаГъэпшын хабзэр нэхъ щабэ щІыным и Іэхуэкіэ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 79-нэ, 80-нэ статьяхэм къагъэзыпхъэщІэным хуэфащэ гулъытэ егъуэт. Іэхуэщ1апІэхэм щыдгъэкІ щІэпхъаджагъэ зылэжьахэм ХЫхуагъэзгъуну щІэлъэІуныкмкІэ Урысей Федерацэм и Президентым 2001 гъэм дыгъэзаззм и 28-м къыдигъэкІа Указ №1500-м къарит хуитныныгъэр. 2020 гъэм апхуэдэ зы лъэІу яГэхьакащ щІэпхъаджагъэ зылэжьахэм яхуэгъэгуным пыщІа Іэухуэхмкіэ КЪР-м и Іэтащхьэм и дежь щыІэ комиссэм.

КЪР-м и Жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэм хэтхэр щолажьэ Урысейм и ФСИН-м и Управленэу КЪР-м щыІэм и жылагъуэ Советым, тезырхэр щрагъэпшын колониехэм я попечительскэ советхэмрэ административнэ комиссэхэмрэ.

КЪР-м и щІыналъэм къриубыдэу щыІэ тутнакъэщхэм законхэр зэрыщагъэзащІэм кІэлъыплъныкмкІэ лэжьыгъэр зэи къагъэтІасхъэркъым икІи абы хиубыдэу дзэпкІэ нэхъ зыубгъуауэ къагъэсебэпынущ жылагъэ кІэлъыплъныгъэм и иджырей Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ.

Уполномоченнэм диІыгъ КЪР-м и Жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэм къиІэта мы Іэухуэкр:

хабзэ хэхам тету тутнакъэщым исыну зытралъхьаХэм папщІэ Іэнатіэ пыгъэщъхэухкІэхэр КЪР-м и щІыналъэм хиубыдэ ИК-3 федеральнэ кІэзонэ Іэухуэщ1апІэм, япэу къуанщагъэкІэ къыщІэхуа щІыхубзхэр щаІыгъ ИК-4 федеральнэ кІэзонэ Іэухуэщ1апІэм къыщыдзэлухуным теухуа лъэІукІэ Урысейм и ФСИН-м зыхуэгъэзэнэр;

Урысейм и ФСИН-м и Іэухуэщ1апІэхэм я шатахэм хагъэхъуэныкмкІэ Іэмал зэрыщымыІэм къыхэкІыу лэжьыгъэмкІэ загурыІуэныгъэ иращыкІІэу граждан Іэщ1агъэлІэр-психологэр кърагъэблагъэныр.

Дэ къызэрытлъытэмкІэ, Урысейм и ФСИН-м и МЧС №7 узынщагъэр хъумэныкІэ федеральнэ кІзэонэ Іэухуэщ1апІэм и унафэщІхэм, дохутыр псоми я гулъытэр хуаунэтІыпхъэщ Урысей Федерацэм и Правительствэм 2004 гъэм мазаем и 6-м къыдигъэкІауэ щыта унафэ №954-м ипкъ иткІэ нэхъ пасэу хуит ящІыжьын папщІэ узыфэ пыухыкІакІэ зиІэхэр (псом хуэмыдэгу жьэн уз зыпкърытхэмрэ япэ гупым хиубыдэ ныкъуэдыкъуагъэ зиІэхэмрэ) и зэманым къэхутэным, апхуэдэ сымаджэхэр нэхъ пасэу яутІыпщыжьын папщІэ судым яГэхьаныр документхэр псынщІэу гъэхьэзырыным.

КЪР-м щыІэ МВД-м къыпэщытщ къуанщагъэхэр зэралажьэам къыхэкІыу яубыдахэр пІалъхІэ щаІыгъ и Іэухуэщ1апІэ псоми я щытыкІэр «Хабзэншагъэхэр ялажьауэ хуагъэфащэу е ягъэхъуаншэу яубыдахэр зэраІыгъ щыкІэм и Іэухуэкіэ» 1995 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м къыдэкІа Федеральнэ закон №103-ФЗ-м, а законым ипкъ иткІэ ведомствэм къищта мардзэкэм хъагъэувэкэм иригъэзэгъыкыну.

Уполномоченнэмрэ абы и аппаратымрэ дяпэкІи текІ имыІэу кІэлъыплъынущ ягъэтІысахэр щаІыгъ Іэухуэщ1апІэхэм щыхум и хуитныныгъэхэр къызэрыщыгъэзэрагъэпэщым икІи гулъытэ щхьэхуэ хуищІынущ уголовнэ-гъэзэщІакІуэ законодательствэм къигъэув Іэухуэ псори нэгъэсауэ зэрагъэзащІэм.

Дэ ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ щІыхум и пщІэмрэ щІыхьымрэ я хъумакІуэу я къралыр зэрыщыІым, ахэр ягъэлъэхъэшэныкІэ тегъэщІапІэ щыІэнкІэ зэрымыхъунеухуауэ Урысей Федерацэм и Конституцэм къыщыІэлъэГуаХэр текІ имыІэу гъэзэщІанэр къызэгъэпэщыным къару псори хузэщІэгъэуІуэнкІэ.

Иджыри пандемиер нэсу къызэрызэдмынэкІам къыхэкІыу 2021 гъэми ди лэжьыгъэр къызэрымыкІуэ щытыкІэм итынущ. Карантиным и лъэхъэнэм етхьэкІа Іэухуэхэм дэ куэдым щыгъузаз дыхуащІащ, абы къыхэкІыу дыдоІыгъ Федеральнэ уполномоченнэ Москальковэ Т. Н. тутнакъэщым зэман пыухыкІакІэ исахэм ящыщу нэхъ зыхуэфащэхэр пІалъэр къэмысу хуит щІыжьынмкІэ хабзэр пандемием и лъэхъэнэм нэхъ зыубгъуауэ къэгъэсебэпыным, судымрэ ягъэхъуаншэхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэм хиубыдэу видеоконференцсвязым и Іэмалхэр нэхъ тэмэму щІэгъэкъуэн къэщІыным, ягъэтІысахэм иращэ хъуну ягъэуза шхын, хьэпшыпІэужьыгъуэхэм карантиным и зэманым зрагъэубгъуным теухуауэ къызыхуриджаХэр.

Урысей Федерацэм ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ и уполномоченнэм, щІыналъэхэм щыІэ уполномоченнэхэм дазэрыдэлажьэр

Урысей Федерацэм ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ и уполномоченнэм дызэрыпыщІар иужьрей иныгъэхэм нэрыльагъуэу нэхъ быдэ хъуащ.

ЦІыналъэхэм щыІэ уполномоченнэхэм сыт пэмы дежи щІэгъэкъуэнышхъэ къытхуохъу Федеральнэ уполномоченнэмрэ абы и аппаратымрэ. А дзэпкъыныгъэ псом хуэмыдэжу зыхэтщІащ «ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и субъектхэм щыІэхэм я Іэухуэкіэ» 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдэкІа Федеральнэ закон №48-ФЗ-р щагъэхьэзыра икІи къыщащта зэманым. Дэ псори жьыджэру дыхэтащ а документыр гъэхьэзыныкмкІэ лэжьыгъэм. Законыр сыт и лъэныкъуэкІи зэгъэуІуа зэрыхъуамкІэ фІыщІэ хэха бгъэдэлъщ Москальковэ Т.Н.

Пандемием и лъэхъэнэм дя зэфІэкІкІэр иунэтІу сытым дежи къыдбгъэдэтащ Федеральнэ уполномоченнэм и аппаратыр. Ар сэбэп хъуащ ди пльапІэхэр тэмэму къыхэтхъныкмкІэ, цІыхум и хуитныныгъэхэм къащьхэщ1ыжьныкмкІэ хъарал системэм и зыужьыкІэр къыдгурыІуэныкмкІэ икІи цІыхум, гражданиным и хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэхэмрэ хъумэныр дэтхэнэ щІыналъэми и къыхэщьхэхуІныныгъэр, абы щыІэ хэкІыпІэхэр я лъабжьэу къызэдгъэпэщыныкмкІэ.

Дэ Федеральнэ уполномоченнэм быдэу дыпыщІауэ щытащ цІыхум, гражданиным и хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэхэмрэ хъумэныкмкІэ щэсыпІэщІэхэр къызэІуэтыжьауэ Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьахэр щагъэхьэзыр зэманми. А зэхъуэкІыныныгъэхэм яГэтэмэмыжащ икІи зрагъэубгъуащ цІыхур, абы и хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэхэмрэ я къэралыгъэ щыІэ фІыгъуэ нэхъ ин дыдэу щыт къэралым и къарум нэхъри хэгъэхъуэным хуэгъэзауэ Закон Нэхъыщхьэм щхьщІэльэгъуэ Іэухуэгъуэкэр. Социальнэ Іэнатіэм хуэгъэзауэ цІыхухэм я хуитныныгъэхэм хэпщІыкІыу зэрызрагъэубгъуар жылагъуэр мы зэманым зыщІэхъухэм йозгъэ икІи ахэр гъащІэм щыпхыгъэкІынкІэ уполномоченнэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и Іыхьэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу дяпэкІэ щытынущ.

Иужьрей илъэсхэм зэтеува лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп Іэмал нэхъыфІхэм ящыщщ субъектхэм щыІэ уполномоченнэхэм я Зэзыгъэуіу советхэм Федеральнэ уполномоченнэм и нэІэм щІэту зэІуцІэ щхьэхуэхэр зэрырагъэкІуэкІыр икІи абыхэм нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэухуэхэм зэрыщыхэпльэр, апхуэдэу граждан жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм я лІыкІуэхэр къызрихьэлІэ зэІуцІэшхуэхэр, щІэныгъэ конференцхэр, семинархэр зэхъэрыгъэрагъэпэщыр. Апхуэдэу, щІыналъэхэм щыІэ уполномоченнэхэр гъэ къэс ягъэхьэзыр докладхэмкІэ, тхьыпхэмкІэ, брошюрэхэмкІэ зохъуэжэ, езыхэм я лэжьэкІэм теухуа тхьыпхэр зэщІыгъуу къыдагъэкІ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэ зэрыщыізэтеувэмрэ цІыхум и хуитныныгъэхэмрэ» тхьыпхэм (илъэс 11 хьуауэ къыдокІ) «ЩІыналъэхэм щыІэ уполномоченнэхэм я лэжьэкІэм теухуауэ» раздельщІэ хэдгъэхьащ икІи абы хиубыдэу къытеддзащ цІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Амурскэ, Калугэ, Москва, Самарэ, Челябинск, Волгоград областхэм, Алтай, Краснодар крайхэм, Дагъыстэн, Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щыІэхэм я тхыгъэхэр.

ЦІыхухэм правовой щІэныгъэ егъэгъуэтыныкмкІэ программэ щызэхэтлъхьэм дэ щІэгъэкъуэн къытхуэхъуащ а лэжьыгъэр хъумэным хуэгъэзэ жылагъуэ еплъыкІэ тэмэм зэтегъэувэным хуэунэтІауэ щыналъэ щхьэхуэхэм щыІэ уполномоченнэхэр прокуратурэм и органхэм, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэухуэщ1апІэхэм зэрадзлажьэм дерс гуэрхэр къыхьидох. Сыт и лъэныкъуэкІи гъэщІэгъуэнщ ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Москва областым щыІэм езым дзыхь зыхуищІа уполномоченнэхэм я зэфІэкІыр зэриунэтІыр. Абы и щапхъэм тет дэ къыхэтлъхьащ цІыху мин 40-м щІигъу щыпсэу къалэхэмрэ районхэмрэ щыІэ апхуэдэ уполномоченнэхэр штатым хагъахьэу улахуэ хуагъэувыну.

Уполномоченнэр щІыхухэм правовой щІэныгъэ егъэгъуэтыным икІи хабзэр дэтхэнэми къилъытэу щытыным зэрелэжьыр

Урысей Федерацэм и Конституцэм и 48-нэ статьям дэтхэнэ зы щІыхуми юридическэ дзІэпкъныгъэ тэмэм и іэныкмкІэ щэсыпІэхэр еубзыху. А щэсыпІэхэр лъабжьэ быдэщ Урысей Федерацэм и Конституцэм щІигъэбыдэ адрей хуитныныгъэхэр, къапщтэмэ, щІыхум езым и хуитныныгъэхэр ихъумэн папщІэ законым къезэгъ Іэмал псори къигъэсебэныныкмкІэ хуитныныгъэр (45-нэ статьям и Іыхьэ 2-нэ), судыр къыщьхэщ1ыныкмкІэ хуитныныгъэр (46-нэ статьэ) дигъэкІын папщІэ.

ЦІыхухэм нэгъэщІ мыхъуми пэщІэ юридическэ, экономикэ, социальнэ щІэныгъэхэр ямыІэмэ, езыхэм я хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэхэмрэ яхъумэжьныкмкІэ зэфІэкІ гъэрхэр ябгъэдэмылъэ, правовой къэралзызыужьарэ граждан жылагъуэ лъэщрэ пхуэзэтегъэувэнукъым. Я щІэныгъэкІэ зэрыхуэмэысым икІи щІатын уасэ зэрабгъэдэмылъым къыхэкІыу юридическэ дзІэпкъныгъэ тэмэм зымыгъуэт цІыхухэр, сыт щыгъуи хуэдэу, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм щотхъэусыхэ. Абы и лъэныкъуэкІэ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми мы зэманым щызэтеувэ щытыкІэм нэрылъагъу къыпщІащІ цІыхухэм езыхэм я іэ хуитныныгъэхэр зыхуэдэр къагурыІуэу, ахэр яхъумэжьыфу, къыкъуэкІ зэгурыміыуэныгъэхэр баштекъуэз хэмылъу къызэранэкІыфу ечэсэснымкІэ лэжьыгъэм бгъэдыхьэкІэщІэхэр къызэрыхуэгъэтыпхъэр. Ауэ сытми къекІуэкІыркъым хуитныныгъэхэр зыхуэдэм щымыгъуазэ цІыхум а «хуитныныгъэхэр имыІэу арац» жаІэу...

Абы къыхэкІыу цІыхухэм правовой щІэныгъэ егъэгъуэтыныр уполномоченнэм и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу дяпэкІи щытынущ. Республикэм мыбы и лъэныкъуэкІэ Іэуху куэд щекІуэкІащ, ауэ абыхэм къарикІуахэм зэкІэ арэзы утехьуэфынукъым. Коронавирусми зэранГъэ пыухыкІахэр къихьащ икІи абы пыщІауэ видеоконференцсвязым и Іэмалхэр къэгъэсебэныным зеттын, а зэкІыпІэм нэхъ тэмэму зыхуэдгъэсэн хуей хьуащ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ Уполномоченнэм и аппаратым хухах ахъшэр бюджетым сатыр щхьэхуэкІэ зэрыщыпхыкІыр. Абы хиубыдэу къаутІыпщ цІыхухэм правовой щІэныгъэ егъэгъуэтыным, тхьилъ, тхьигъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыдэгъэкІыным текІуэдэнур.

Республикэм хабзэ зэрыщыхьуам тету Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ дыгъэгъазэ блэкІам хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхухэр ягъэджэныкмкІэ, щІэныгъэмкІэ, щІалэгъуэм я ІэухуэкмкІэ и министерствэм, егъэджэныгъэмкІэ район управленэхэм я унафэщІхэм я егугъныгъэм и фІыщІэкІэ ди деж зыщызыубгъуа Урысейпсо егъэджэныгъэ Іэухуэм-«ЦІыхум и хуитныныгъэхэр» дерс зэгуэтым.

Уполномоченнэр хэтащ икІи докладхэр щищІащ «Къэув къаланыщІэхэмрэ щІыхум и хуитныныгъэхэр хъумэныкІэ хэкІыпІэхэмрэ» Іэхуэм теухуауэ Воронеж къэрал университетым къыщыізэрагъэпэща икІи видеоконференцсвязым и Іэмалхэр къагъэсебэпу ирагъэкІуэкІа дунейпсо щІэныгъэ конференцым, «Информатизацэм зыщиубгъу лъэхъэнэм юридическэ вузым щІэсхэм я правовой зэхэщІыкІым зэрызихъэжьыр» Іэхуэмкіэ Ставрополь къалэм дэт Кавказ Ищхъэрэм федеральнэ университетым къыщызэрагъэпэща дзэпкъныгъэ конференцым.

ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэухуэщ1апІэхэм къытохуэ илъэс лъжьыгъэм ящыкІ ятІ Уполномоченнэм гъэ къэс игъэзэгъэр докладыр. ЦІыхум и хуитныныгъэхэм я хъумакІуэхэм, правовой щІэныгъэр хэІуцІыІу щыныр ящІыжьыгъэ зэпэщхэм пыщІа-хэм папщІэ бзэ гурыІуэгъуэкІэ ягъэхьэзыр КЪР-м и законхэм, КЪР-м и Правительствэм и унафэхэм ящыщу ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КЪР-м щыІэм, абы и Іэухуэщ1апІэм я лэжьыгъэм пыщІахэр, ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ псоми ягъэзэжа декларацэр, ЦІыхум и хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ къащхьэщ1ыжьныкмкІэ дунейпсо конвенцэр, Урысей Федерацэм и цІыхум, гражданиным и хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэхэмкІэ декларацэр, хабзэ мардэ щхьэхуэхэр хэхауэ къыдэдгъэкІащ.

Зэкіэпъыкіуэу илъэситІ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыхуагъэфащэ правовой щІэныгъэхэмкІэ программэхэм я конкурсым и дипломхэр.

ЦІыхухэм я правовой зэхэщІыкІыр зэтеГъэувэныр, законхэр текІ имыІэу гъэзэщІэным ахэр зэуэщиныр къэрал органхэм, граждан Іэухуэщ1апІэхэм, Уполномоченнэм и аппаратым езыхэм я къалэн лъапІэу къалъытэ икІи а къалэным я щІэныгъэри Іэщ1агъэри хуауэнэтІ.

Дэ къызэрытлъытэмкІэ, правовой щІэныгъэ цІыхухэм егъэгъуэтыныкмкІэ сэбэпышхуэ хэхуэт, республикэм бжыгъэкъэр зи лъабжьэ телеканал жэщкІи махуэми лажьэу къыщызэІуахамэ. Дэ къытедгъэзжауэ республикэм и унафэщІхэм долъэу мы Іэхуэм хэплъэу унафэ тращІыхьыну.

Апхуэдэ хэкІыпІэхэр, Іэмалхэр къэдгъэсебэпурэ дэ правовой щІэныгъэхэм зэрызедгъэубгъуным, хабзэкэр текІ имыІэу гъэзэщІэным цІыхухэр зэрыхуэдущиным икІи а псори и лъабжьэу хуитныныгъэхэмрэ хъумэныр зэредгъэфІэкІуэным дыхущІэкъуэнущ.

2020 гъэм Іэтауэ ягъэзэлъэпІащ ЦІыхум и хуитныныгъэхэмрэ граждан щхьэхуитныныгъэхэмкІэ Европэм и конвенцэр илъэс 70 зэрырикъуар. Урысей уполномоченнэхэм я лэжьыгъэм къыщагъэсебэпыфынущ цІыхум и хуитныныгъэхэм къащхьэщ1ыжьныкмкІэ Европэм и Іэухуэщ1апІэхэм я Іуэху зехьэкІэр. ЦІыхум и хуитныныгъэхэр дуней псом къыщызэпладэ, ар жылагъуэ зэуэжьныгъэм и Іэпэгъу мыхъумыщІагъэхэм ящыщу къэпІыпІыгъэ хъунущ. Омбудсменым и Іэухуэщ1апІэу Европэм и къэралхэм щыІэхэм я зэфІэкІым узыдэплъеин хэльщ, апхуэдэу мыбы къыщызэрагъэпэщащ омбудсменым и Европэ Іэухуэщ1апІэ зэгуэт. Яэныкъуэхэм къызэралъытэмкІэ, хабзэ зэхуэщІыткІэхэр гъэтэмэныным пыщІа псоми ЦІыхум и хуитныныгъэхэмрэ граждан щхьэхуитныныгъэхэмкІэ Европэм и конвенцэм къэгъэувэр гъэзэщІэным зэрегугъум Іэухуэр нэхъ къащегъэспынщІэ, цІыху щхьэхуэхэм я гъэсыбыхэрэр абыхэм къащІэрыхьэр зэзэмызэщ.

ЦІыхум и хуитныныгъэхэр хъумэным пыщІа Іэухуэщ1апІэхэм я лэжьыгъэр зэблэзгъэкІ закон лъабжьэм къыщылъытэн хуейщ урысей, дунейпсо мардэхэр зэгъэкІуэным. Псоми зэрытщІэщи, Урысей Федерацэм и Конституцэм и проектым щелэжьа лъэхъэнэм ар зыгъэзэхъэрахэм къальытауэ щытащ дунейпсо хабзэ мардэхэм я пкъ иткІэ ягъэув щэсыпІэхэр къэрал кІуэщ1 мардэхэм ягъэувкэм нэхъэрэ языныкъуэхэм деж нэхъ убгъуауэ щыту икІи а лъэныкъуитым яхэдзн хуей щыхъум деж дунейпсо хабзэ мардэхэр япэ игъэщІапхъэу. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэр иджы ягъэзэкІуэж. БлэкІа илъэсым Конституцэм халъхьа зэхъуэкІныныгъэхэм я пкъ иткІэ къэрал кІуэщ1 хабзэхэр дунейпсо хабзэхэм я пкъ ирагъэщІыжащ, США-ри яхэту, къуфэпІэ лъэныкъуэм щыІэ къэрал куэдым зэрыщыгъуэвам хуэдэу.

Апхуэдэ лъэбакъуэм, щэч хэмылъу, ди зэфІэкІым нэрылъагъуу хигъахъэнущ, цІыхум къыщьхэщ1ыжьныкмкІэ урысей зэгугъныгъэм, псом япэ Уполномоченнэм и Іэухуэщ1апІэм, граждан щхьэхуитныныгъэхэр хъумэныкмкІэ зэфІагъэкІэмрэ къэралым абы ирихьэлІэ къарумрэ зэкъуІгъэувэнущ. Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьа зэхъуэкІныныгъэхэм я пкъ иткІэ зыхуэфащэ зэхъуэкІныныгъэхэр халъхьажащ ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІэм и Іэухуэкіэ Федеральнэ законми.

Къэд лъандэрэ къызэрекІуэкІым тету, цІыхум и хуитныныгъэхэм къащхьэщ1ыжьныкмкІэ Іэнатіэу ООН-м, Европэм и Советым я жьауэм щІэту лажьэхэм гулъытэ хэха къыхуащІ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм щыІэ щытыкІэм. Абы къыхэкІыу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хьыхь зубгъэтхъэм щыІэ уполномоченнэхэм я тетуауэ законхэр щагъэхьэзырым, Урысей Федерацэм и Конституцэм къыщыІэлъэІуагъэхэм къадэкІуэу, нэгъэсауэ къалъытащ цІыхум и хуитныныгъэхэмрэ граждан щхьэхуитныныгъэхэмкІэ Париж зэрыщызэгурыІуахэр, Европэм и Конвенцэр. А Конвенцэр илъэс 70 зэрырикъуам теухуауэ Урысей Федерацэм ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ и уполномоченнэ Москальковэ Т.Н. «Урысей газетым» къытригъэдза тхыгъэм къыщыхихъэщхьэхуКІащ Урысей Федерацэм цІыхум и хуитныныгъэхэр хъумэнымкІэ и системэм зегъэужьыным, ар дунейпсо лэжьыгъэхэм зэгъэзэгъэным я лъэныкъуэкІэ Европэм и Конвенцэм къалэнышхуэ зэриГъэзэщІар. ЩІыналъэхэм щыІэ уполномоченнэхэм зэфІагъэкІхэм щытепсэлъыхьым ООН-м ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ и Комиссар нэхъыщхьэ Пиллэй Наванетхэм зэрызэІкІамкІэ, Урысей Федерацэм и субъектхэм цІыхум и хуитныныгъэхэр щыхъумэныкІэ лажьыгъэм уполномоченнэхэр ягъэІкІуэлъакІуэ хъуащ икІи абыхэм къагъэсебэп Іэмалхэр щІэгъэкъуэн къащыфынущ щыналъэ ублагъэ зыІыгъ е федеральнэ къызэгъэпэщыкІэ зиІэ къэралхэм.

Дэ цІыхум и хуитныныгъэхэм къащхьэщ1ыжьн и лъэныкъуэкІэ зэтеува дунейпсо стандартхэм дызэрытетыным дыхущІокъу. ООН-м, Европэм и Советым я жьауэм щІэту лажьэ къыщьхэщ1ыжьакІуэ Іэухуэщ1апІэхэм я Іэухуэкіэ» 2004 гъэм мэкъуауэгъэуэм и 19-м къыдэкІа Федеральнэ закон №54-ФЗ-м и мардзэкэм ипкъ иткІэ утыку Іэухуэхэр егъэкІуэкІынымкІэ цІыхухэм я іэ хуитныныгъэхэр зыбжанэкІэ зэригъэмащІэм къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэ щызэтегъэувэнымрэ цІыхум и хуитныныгъэхэмрэ» тхьыпхэр. Апхуэдэ тхьипІу 11 дунейм къытехьащ икІи абы къыщыдогъэлъэгъуэ, цІыхум и хуитныныгъэхэр щыхъумэнымкІэ ди къэралым щызэфІагъэкІхэм къадэкІуэу, нэгъэущ1 къэралхэм я лэжьыгъэр зэрыщІекІуэкІыр. Къапщтэмэ, къеджахэм гъэщІагъуэн ящыхъущ ООН-м ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ и Комиссар нэхъыщхьэ Хаммарберг Томас, нэмыщІ къыщхьэщ1ыжьакІуэ доктор Бюллер сымэ я тхыгъэхэр. Омбудсменым и Европэ Іэухуэщ1апІэм сызэрыхэтым къыхэкІыу, сэ срагъэблагъэурэ докладхэр щысщІащ Чикаго (США), Майнц (Германие), Инсбрук (Австрие) къалэхэм щекІуэкІа щІэныгъэ конференцхэм. А докладхэр зэІуцІэхэм япкъ иткІэ къыдагъэкІыжа тхьилъхэм хагъэхьащ.

Уполномоченнэм и Іэухуэкіэ 2020 гъэм къащта законым щІигъэбыдащ ЦІыхум и хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэхэмрэ къащхьэщ1ыжьныкмкІэ дунейпсо зэгугъныгъэхэм, организацэхэм ядалэжьэныкмкІэ щыналъэ уполномоченнэм и хуитныныгъэр. Къэдгъэльэгъуэгъэ ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр ЗОО гъэ лъандэрэ Омбудсменым и Европэ Іэухуэщ1апІэм и действительнэ члену зэрыщытыр икІи а зэгугъныгъэм зэрыдзлажьэр. Абы къыхэкІыу сэ къезэгъыу къызэлъытэ ЦІыхум и хуитныныгъэхэр хъумэныкмкІэ Европэм щыІэ Іэухуэщ1апІэхэр урысхэр зыльагъу мыхъуэхэм зэрапэщІытым и гугъу сщІымэ. Абы сэ нэхъри сытрагъэгушхуащ урысей телевиденэм къыщыщыпсалъэм Израильм и политолог Кедми Яков жиІахэм. Абы къыхэкІуэщхьэхуКІащ урысхэм къахуэгъэзауэ Европэм щыІэ лъагъэмыхъуныгъэм политологхэмрэ къэрал властым и Іэнатіэ щхьэхуэхэмрэ тегушхуауэ зэрыпэщІэмыцІыр, граждан тхыдэ зэхэщІыкІыр хъумэным зэремыгугъур укІытэгъуэу къызэрилъытэр. А псалъэхэр щІыналъэ уполномоченнэхэми къытхуэгъэза хъурджауэщ. Сэ си сабиигъэр зауэм хиубыдажэм сащыщым, мэжэщІалэгъэри гугъуехьэхэри зыхэсщІащ. Си нэгум щІэтщ хьэбзасбэу зэтракъутауэ щыта Налшык. И щІалэр - летчик хахуэр - зэрыхэкІуэдам теухуа тхьилъэр зэрильагъуу и гур кьеуэу си адэшхуэр ЛІаУэ зэрыщытар, си анэшхуэр абы кІэщІкІэ зэрыкІэлъыкІуэжар сощІэж.

Париж зэрыщызэгурыІуа хабзэхэм, Европэ Конвенцэм, Копенгаген щекІуэкІа конференцым и документхэм я лъабжьэщ дунейм тет цІыху псоми я зэхуэдэ фІыгъуэхэр -... «ЦІыхум и хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ пщІэ яхуэщІыныр, мамырыгъэ бдзэ, шынагъэншагъэ, захуагъэ, зэдзэлажьэныгъэ къызэрэгъэпэщыныр. А хабзэхэр гъэбыдэныр къыхуарадж Европэм и къэралхэр». Ауэ иужьрей зэманым Европэм къаримыдзэжу хуежьащ зэгуэр зрэІуауэ щыта апхуэдэ фІыгъуэхэр. Нацистхэм яІыгъа Германиемрэ Совет Союзымрэ, нацистхэмэ коммунистхэмрэ я идеологиехэр зыкІи зэрыгъэщхьэщ1ыжьыным теухуауэ Европэм и официальнэ Іэнатіэхэм зеролоцэ пыухыкІахэр къызэращтэм нэхъ щыхьэт ЛІаУэ абы и лъэныкъуэкІэ бгъэзэныкъуным. Зэи зыщыдгъэзгъупщэ хъунукъым коммунизмэм и идеологием и бэракъ пльыжьым щІэту Совет Союзыр Хэку зауэшхуэм зэрыщытекІуар, ди цІыхуу мелуан 27-м я гъащІэхэр а ТекІуэныгъэм тыхь зэрыхуащІар. Абы щыгъуэ нэмыцэхэмрэ иджырей Европэ зэгуэтым хьыхь я зэрыркъум теухуа дауэдапщэхэр зэщІэгъэуІуауэ, политикэ купщІэ нэс хэлъу зэрекІуэкІынур, мамырыгъэр гъэбыдэным, лъэпкъ, дин зэгурыІуэныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ республикэр зыхуэкІуэ мурадхэр нэхъ гъунэгъу зэрищІынур.

Дэри ди деж зыри щыщыдгъэнэнкъым цІыхум и хуитныныгъэхэр тхъумэн, абы и лъэныкъуэкІэ къэхъу ныкъуСаныгъэхэр Іэмалу щыІэр къэдгъэсэбэпурэ псынщІэу дгъэзэкІуэжын папщІэ.

Уполномоченнэм бгъэдэлъ хуитныныгъэхэр инщ. Дэ ди къалэн хэхауэ дяпэкІи щытынущ гугъуехь хэхуа щыхьэм, зэман пыухыкІакІэ лжьхалІэнэщ, псэупІэнщ, къэралым и дзэІэпыкъныгъэ ямыІэу къэнахэм зэрызащІэдгъэкъуэн хэкІыпІэхэр къэлъыхъуэныр, апхуэдэ цІыхухэм къэралым, захуагъэм, цІыхугъэм япыщІа гуэзэрыдзэ ямыгъуэтыным телжьэныр.

КІэухыр

2021 гъэм цІыхум и хуитныныгъэхэр хъумэнымкІэ лэжьыгъэхэр дэ аргуэру етхьэкІыну къыщІэкІынщ коронавирус уз зэрыщІалэм къиша гугъуехьэхэр щыщІыщІэ зэманым дыхэту. Коронавирус уз зэрыщІалэм пэщІэтнымкІэ оперативнэ штабым къищта унафэм къыщыгъэлъэгъуащ иджыри лжьхыгъэхэр къэбгъэтІасхъэ зэрымыхъунур, узыр псынщІэу зэрымыужьыхыр, дызыхьыхэ лъэхъэнэри коронавирус уз зэрыщІалэм и теплъэщІэм къызэІигъэхьэнкІэ зэрыхъунур. Абы къыхэкІыу дэ Іуэхум зэфІэкІыу дбгъэдэлъыр етхьэлІэнущ ди цІыхухэм нэхъ гуэзэгъэуІэ зэІэн папщІэ.

* * *

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Валерий и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэгъуащ 2022 гъэр Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъум хуэгъэпса илъэсу зэрыщытынур. Къэралымрэ республикэмрэ я унафэщІхэм псори къыхураджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралгъуэм и юбилейр адыгэхэм, балъкъэрхэм я тхыдэм жылагъуэ политикэ мыхьэнэшхуэ щызиІэ Іуэхуу зэдаІэтыну.

Ар егъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитет яубзыхуащ, юбилей гуфІэгъуэхэр зрагъэхьэзырыну икІи зэрыграгъэкІуэкІыну щыкІэмкІэ планхэр зэхалъхьэ.

Адыгэхэм, балъкъэрхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу адрей лъэпкъхэм гуапэ ящыхъущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэм я къэралыгъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсищ зэрырикъур 2022 гъэм гъэлъэпІэным теухуауэ унафэ къызэращтар.

Юбилей Іуэхуэр гъэхьэзырыным хуэжьыхь властым и гъэзэщІакІуэ, законхэр къыдзэзыгъэкІ органхэр, фейдэ къэлэжьыным пымыщІа Іэнатіэхэр, дин, къыщьхэщ1ыжьакІуэ организацэхэр, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэр. Ар жылагъуэр зэкъуэгъэзауэныкмкІэ, къэралыгъэр гъэбыдэныкмкІэ сэбэп яхуэщІ, ди пльпкъэм ижь-ижьыжь лъандэрэ къадекІуэкІ хабзэ нэхъыфІхэр къагъэщІэрэщІэжьныкмкІэ, урысейпсо правовой гъащІэм нэхъри нэхъ кууэ дыхэзэгъэныкмкІэ дзІэпыкъуэгъуэщ.

Быдэу си фІэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралы

● Футбол

Иужьрей зэIущIэхэм ириплъэжри

«Мэхъэчкъалэ» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:2 (2:0). Мэхъэчкъалэ. Исинбаевэм и цIэр зезыхьэ стадион. Накъыгъэм и 4-м. ЦIыху 200 еплъащ.

Судьяхэр: Верулидзе (Владикавказ), Охрименкэ (Мейкъуапэ), Михалев (Мэзкуу).

«Мэхъэчкъалэ»: Хамхоев, Саидов, Махмудов (Ибрагимов М., 67), Гитинов, Халимбеков, Ибрагимов К., Агаларов, Юсупов (Мортоглян, 89), Абдурагимов (Насибов, 86), Гаджиев (Абдулаев, 83), Абакаров (Исаев, 86).

«Спартак-Налшык»: Антипов, КIэдыкIуей, Сындыку, Белоусов, Шумахуэ, Хьэшыр (Багъэтыр, 61), Ашу (Бацэ, 57), Дэхъу, Iэпщацэ, Пащты (к), БахъсэнокIуэ (ХьутIэ, 60).

Топхэр дагъэкIащ: Гитиновым, 18 (1:0). Агаларовым, 23 (2:0). Дэхъум, 58 (2:1). Ибрагимов М., 69 (3:1). Багъэтыбым, 90+2 (3:2).

Дагъуэ кьыхуащIащ: Багъэтырым, Гаджиев А., Саидовым.

НАКЪЫГЪЭМ и 4-м «Спартак-Налшыкыр» Дагьыстэхэм и кьалащхьэм щыIуащащ щыIпIэ «Мэхъэчкъалэм». ПащIэдзэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ налшыкдэсхэм я гъуащхьэхъумэхэм я джэгукIэр арэзы укъэзымыщIт. Абы дэщIыгъуэт ди гъуащхьэтет Антиповми и щтэIэщабIэ щытыкIэр. ЕбгъуанI дакъикъэр екIуэкIыу апэт топыр «Спартак-Налшыкым» и гъуэм дыхьэным зымащIэ кьыщыгнэкам. АрщхьэкIэ, «Мэхъэчкъалэм» и футболистхэм я ебгъэрыкIуэныгъэм иужькIэ Шумахуэм кьизыргъэзэза топыр Антиповым и гъуэм дэмыкIауэ судьяхэм къалъытащ.

Кьуэдрэ зригъэжьакъым футболеплъэр апэ топми. Хэгъэрейхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ зэпымыуэхм кьрикIуащ ахэр апэ ищныр. Штрафноим иту топыр кьызIэрыхьа Гитиновым Iэзэ дыдэу ар «Спартак-Налшыкым» и гъуэмкIэ иутIыпщащ - 1:0. Арыншами джэгукIэ щIагъуэ къэзымыгъэпытагъуэ хьэщIэхэм апэ топымрэ хэгъэрейхэм я тепщанымгъэмрэ я лъэр щIихати, «Мэхъэчкъалэм» бжыгъэр игъэшырым, Шалаевым.

НАКЪЫГЪЭМ и 10-м «Спартак-Налшыкым» кьриигъэблагъащ Краснодар и «Кубань»-р. Иужьрей зэIущIэхэм арэзы укъэзымыщI джэгукIэ кьэзыгъэлъагъуэ хэгъэрейхэм хуэмыкIу дыдэу ирагъэжьащ. ЗэпэщIэтыныгъэм зэрыщIидзэу ерыщу кьебгъэрыкIуэу хуежьа краснодардэсхэм я апэ топым куэдрэ дызыпигъэпльакъым. Ехапэ дакъикъэр екIуэкIыу арат «Спартак-Налшыкым» и зыхъумэжыныгъэр кьыщызэтещэщам. Дыдейхэм яIэщIэкIа «Кубань»-м и гъуащхьэхъумэныкъуэ Шульгиныр зэуа топым Кьардэным кьыхуэгъэгъэзэкъым-0:1. ПсынщIэ дыдэу апэ ища хьэщIэхэр кьэрыпагъуу нэхъ жыджэр ящIыжу, хэгъэрейхэм я лъэр щIахуат.

Тепщэныгъэр зыубыда краснодардэсхэм «Спартак-Налшыкым» зы Iэмали къраттэкъым я гъуэм екIуэлIэну. Зэ3эмызэххэ ебгъэрыкIуэныгъэ гъэрхэр ди щIалэхэм кьызэрагъэпэщыну иужь ихьми, и екъапIэм щагъэужьыкьыжыт, уебгъэмэ хьэщIэкIэр контратакэ жыджэркIэ кьыпэджжьырт. Апхуэдэхэм ящыщ зым кьрикIуащ «Кубань»-м тепщэныгъэр игъэбгъэгъэныр. 33-нэ дакъикъэр екIуэкIыу Каюмовым ди гъуащхьэхъумэныкъуэхэм кьатриха топыр Iэзэ дыдэу Кьардэным и гъуэм нихьэсащ икIи бжыгъэр 0:2-м хуигъэкIуащ.

КIэхъ бжыгъэми джэгукIэми арэзы кьищI хьэщIэхэм зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм гугъу зрагъэжьакъым, атIэ я лъэныкъуэмкIэ икIуэтыжри, Iэмал щаIэм и деж ебгъэрыкIуэурэ, джэгур и кIэм нагъэсащ. Апхуэдэу зэкъуэхуауэ кьаIэрыхьа Iэмалхэм ящыщ зыр «Кубань»-м и футболистхэм ехьулIэныгъэкIэ кьагъэсэбэпащ. КIэхъ дакъикъэхэм ирихьэлIэу бжыгъэр 0:3-м нигъэсащ джэгупIэ губгъуэм кьызэрихьэрэ дакъикъипщI нэхъ дэмыкIа Часовскихъ.

Иужьрей зэIущIэхэм «Спартак-Налшыкым» кьиубгъэгъуа джэгукIэхэм ириплъэжри, налшыкдэсхэм я унафэщIхэм трагъэкIащ командэм и тренер нэхъыщIхъэ КIбышэ Заур. Ар джэгугъуэр иухьу ирегъэнер нэхъыщIхъэм и кьалэнхэр игъэзэщIэну и пщэ дальхьащ Шакъ Ашэмзэ.

Адэкъ щыгъуазэ фыхуэтщынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Iпэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхэхэм ипкъ иткIэ зэхэта зэIущIэхэм кьаригъэкIуа бжыгъэхэм: 27-нэ джагу гъуэм: **«ТIуапсы»** (ТIуапсы) - **«Енисей-Новокубанск»** (Прогресс) - **0:5**, **«Форте»** (Таганрог) - **«Краснодар-3»** (Краснодар) - **0:0**, **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **«Анжи»** (Мэхъэчкъалэ) - **3:2**, **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Кубань-Холдинг»** (Павловскэ) - **1:2**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Легион Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **0:1**, **«Кубань»** (Краснодар) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **1:0**; 28-нэ джагугъуэм: **«Краснодар-3»** - **«Дружба»** - **1:0**, **«Кубань-Холдинг»** - **«Форте»** - **2:1**, **«Легион Динамо»** - **СКА** - **0:0**, **«Биолог-Новокубанск»** - **«ТIуапсы»** - **4:1**.

ЖЬIЛАСэ Замир.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Iпэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Кубань-Холдинг»	27	21	4	2	54 - 19	67
2. «Кубань»	27	21	2	4	64 - 19	65
3. «Черноморец»	26	17	5	4	41 - 14	56
4. «Легион Динамо»	26	13	12	1	48 - 17	51
5. СКА	26	15	4	7	57 - 25	49
6. «Анжи»	25	10	8	7	38 - 31	38
7. «Мэхъэчкъалэ»	26	10	6	10	35 - 35	36
8. «Форте»	26	9	8	9	43 - 26	35
9. «Динамо-Ставрополь»	25	10	5	10	36 - 35	35
10. «Спартак-Налшык»	26	9	7	10	32 - 30	34
11. «Мэшыкъуэ-КМВ»	26	9	5	12	35 - 42	32
12. «Краснодар-3»	26	8	5	13	32 - 44	29
13. «Биолог-Новокубанск»	26	8	3	15	43 - 45	27
14. «Дружба»	26	5	4	17	22 - 60	19
15. «Интер»	27	4	6	17	24 - 69	18
16. «ТIуапсы»	25	4	2	19	33 - 82	14
17. «ЕсэнтIыгу»	26	3	4	19	23 - 67	13

СЭБАНШЫ Хьэзрэталий Мустэфа и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. Иджыблагъэ дунейм ехыжащ УФ-м щIыхь зиIэ и экономист, Урысей Федерацэм 3-нэ класс зиIэ и къэрал чэнджэщэгъу, хэкупсэ нэс Сэбаншы Хьэзрэталий Мустэфа и къуэр.

СЭБАНШЫ Хьэзрэталий 1946 гъэм гъатхэпэм и 5-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Арщыдан къуажэм къыщалъхуащ.

Жылэм дэт курыт еджапIэ ихуэжьым ар щIэтIысхьащ Орджоникидзе къалэм дэт финанс техникумым икIи щIалэ гуры хуэм ар ехъулIэныгъэ иIэу кьиухащ. ИужькIэ Сэбаншым и еджэным щыпищащ щIыхьэ хозяйствэм и IэщIагъэлIэхэр щагъэхьэзыру Ростов къалэм дэт институтым икIи ари нэхъыфIхэм хабжэу къиухащ.

Хьэзрэталий 1965 гъэм лэжьэн щIидзащ - Тэрч щыналъэм финансхэмкIэ и кьудамэм къэрал хэхьуэхэмкIэ и инспектору уващ. Экономикэм фIыуэ хэзыщIыкI хъуа щIалэр куэд мышэуэ IэнатIэм мылъку хуэхэныкIэ экономист нэхъыжьу, иужькIэ къэрал хэхьуэхэмкIэ и инспектор нэхъыжь - кьудамэм и унафэщIым и къуэдзэ кьулыкъуэр дзыхь кьыхуащIащ. ЩIалэ губгъуэгъэ абдежми кьыщызэтеувыIакъым. Хэльэт зэриIэм, Iэхъум зэрыхуэмыщIэхьым, хьэлэчу зэрылажьэм гу лъатэри, нэхъри драгъэкIуэтеящ - Тэрч щыналъэм финансхэмкIэ и кьудамэм и унафэщI ящIащ.

1980 гъэм Сэбаншым дзыхь кьыхуащIащ къэрал мыхъэнэ зиIэ кьулыкъу лъагэ - ар ягъэуващ РСФСР-м ФинансхэмкIэ и министерствэм и Къэзэпщытэ-ревизионнэ управленэу КъБАССР-м щыIэм и унафэщIу икIи илъэс куэдкIэ абы хьэлэлу пэрытащ, IэнатIэм и ехъулIэныгъэхэм къэралым гу къыщылъатэу, фIыщIэ, щытхъу къыщыхужаIэу.

А Iэхъущ1апIэм и цIэри, и кьалэнхэри зэманым кьиубгъэувэкъм тету 2004 гъэм щызэрахъуэкIым - Финансбюджет кIэлъплъыныгъэмкIэ федеральнэ къэлэкъущIапIэм и щыналъэ Управленэ кьыщызэрагъэпэщым - абы и унафэщIу кьагъэнэжащ Къэзэрэталий Мустэфа и къуэр.

И кьару емыблэжу, цыхубэм я сэбэп зыхэлъхэр пхигъэкIыу, хабзэм къэмылэнджажу тету лажьэ Сэбаншы Хьэзрэталий къэрал гулъытэ лъагэхэри мызэ-мытIэу игъэтащ. Абы «Урысей Федерацэм щыхь зиIэ и экономист» цIэ лъапIэр кьыфащащ УФ-м и Президентым 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м кьыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ. 2000 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м УФ-м и Президентым и щIидзащ Сэбаншым «Урысей Федерацэм 3-нэ класс зиIэ и къэрал чэнджэщэгъу» цIэ лъапIэр кьыззэрифащым теухуа Указым.

Хьэзрэталий жылагъуэ Iэхъуэхэм жыджэру хэлэжьыхьащ. Игури и псэри етауэ ар хэтащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм. Лъэпкъым и кьэкIуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ кьалэн куэдым зрипщытрэ ахэр зригъэхъулIэфу, щIэблэр егъэджэным, гъэсэным хуэщхьэпэ чэнджэщ къэзыгъэхэр кьыхихьэху, IуэхуфIхэм я жэрдэмщIакIуэу щытащ.

Къэрал кьулыкъущIэ щыпкъэу, лъэпкъыпI Iумахуэу, унагъуэ дахэм я нэхъыжьыфIу къэгъуэгурыкIуа Сэбаншы Хьэзрэталий Мустэфа и къуэм и псэплъ нэхур, и IэужьыфIэхэр сыт щIидзэн щIэныгъэм дэтхэнэ зыри, сабийхэри балигъхэри, дызэрызыныкъуэм.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Налшык автобус маршрутышIэ щаутIыпщащ

Налшык иджыблагъэ лэжьэн щыщIидзащ автобус маршрутышIэм.

33-нэ НОМЕР зытет автобус лъахъшэхэр ирокIуэ мы гъэзэгуанэм: Мэлбахъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым кьыщожьэри, Осетинскэ, Лениным, Кулиевым, Кировым, Лъостэным, Лениным, Кьуэныкъуейм я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм ирокIуэ икIи кIэух хуэзывIэпIэу Хьэсэней кьуажэм дэт кьалэ сымаджщ №2-м йокIуалIэ.

Кьалэм администрацэм зэрыщыжаIамкIэ, линэщIэ зэраутIыпщар транспорт Iэнатlэм щагъэкIуэкIыну зэхъуэкIыныгъэхэм ящыщу аращ икIи уэрамхэр щыдзэтрихьэ автобус цIыкIуэхэр гъэмэщIыным хуэщхьэпэныи щогугъ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. Иджыблагъэ дунейм ехыжащ УФ-м щIыхь зиIэ и экономист, Урысей Федерацэм 3-нэ класс зиIэ и къэрал чэнджэщэгъу, хэкупсэ нэс Сэбаншы Хьэзрэталий Мустэфа и къуэр.

Ди планетэм тет къэралхэм я нэхъыбэм зы ильэс къэмынэу нахьыгъэм и 12-м «ЦIыхуэм экологие щIэныгъэ егъэгъуэтыным и махуэ» зыфIаща Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкI. Абы теухуа унафэр къыщащтауэ щытар ООН-м и Асамблее Нэхъыщхьэм и зэIущIэу Бразилием и къалащхьэ Рио-де-Жанейрэ 1992 гъэм щызэхащар.

ТХЫДЭМ къызэрыхэщыжымкIэ, ЩIы Хьурейм щыпсэуэхэм «экологие» псалъэр кьагъэсэбэпын щыщIадзар 1866 гъэм иужькIэщ. Абы лъандэрэ зэман куэд дэкIами, ди планетэм, зэрыщыту къэтщтащи, щытыкIэр щекIакIуэ зэпытщ. Ар, ди жагъуэ зэрыхъунщи, псом ди дежкIи нэрылъагъущ.

Ауэ щыхъукIи, щIыуэпсым и щытыкIэм Iупщу щыгъуазэ дахуэзыщI, кьыщыхъу-кьыщыщIэхэр кьыдгурызыгъаIуэ, абыхэм кьарикIуэнкIэ хъунум дезыгъэгупсыс щIэныгъэ щIыуэхэм ябгъэдэлъхьэным мыхьэнэ ин зэриIэри шэч кьызытумыхьэнщ.

Мы Iуэхум и кьызэгъэпащкIуэхэм кьызэралъытэмкIи, зи гугъу тщIы дерсхэм хуэдэхэм цIыкухэр щIэгъэдэлънуи ЩIы Хьурейр шынагъэншэу кьызэтегъэнэным хуэгъэзауэ кьрахьэжьа Iуэху нэхъ пажэхэм ящыщ щыщ.

Экологие щIэныгъэхэм я махуэр ди къэралым гъэлIапIэн щыщIадзар 1996 гъэм иужькIэщ. А илъэсым кьыщегъэжьауэ, накъыгъэм и 12-м дэнэкIи щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт школхэм, сабий садхэм, тхылъ хьуманIэхэм, щIэныгъэ институтхэм щытопсэлъыхь дыкъэзыухъуреихь дунейр, щIыуэпсыр хьумэн зэрыхуейм теухуа щIэныгъэм дэтхэнэ зыри, сабийхэри балигъхэри, дызэрызыныкъуэм.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Ди махуэгъэпс

Дэтхэнэри дыхуэныкъуэщ

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 12, бэрэжьей

◆ **Медсестрам и дунейпсо махуэщ**

◆ **Израильм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ**

◆ **1731 гъэм** Ладогэ псыдзжьIпIэм кхъуэхэр щызекIуэу хуежьащ.

◆ **1945 гъэм** советыдзэхэм Прагэ кьалэр нэмыцэ фашист зэрыпхъуэлIуэхэм кьыIэщIагъэкIэжащ.

◆ **1975 гъэм** СССР-м и кинотеатрхэм щагъэлъагъуэу щIадзащ Бондарчук Сергей Шолохов Михаил и романыр и лъабжьэу триха «Они сражались за Родину» фильмыр. Къэралым щыпсэуэхэм ящыщу мелуан 40-м щIигъу еплъат абы.

◆ Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Шинкубэ Бэгьрат** кьызэралъхурэ илъэсыр 104-рэ ирокIу.

◆ Совет усакIуэ, тхакIуэ, архитектор, жылагъуэ лэжьакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Вознесенский Андрей** кьызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокIу.

◆ Публицист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий** кьызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокIу.

◆ ЩIэрджэс еджагъэшхуэ, Iуэрыуатэрэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Брат Хьэсин** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокIу.

◆ Урысей гимнасткэ цIэрыIуэ, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Олимп джэгухэм я чемпионкэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Кабаевэ Алинэ** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 13, махуэку

◆ **УФ-м и Тенджыз фIыцIэ флотым и махуэщ**. 1783 гъэм тенджызфIыцIэм кьыщызэрагъэпэщащ Урысей флотыр.

◆ **1754 гъэм** пащтыхь гуащэм, Пётр Езанэм ипхъу Елизаветэ, унафэ ищIащ Урысейм апэ къэрал банк кьыщызэгъэпэщыным теухуауэ.

◆ **1829 гъэм** Пушкин Александр Москва къарагъэкIри, Кавказым щызауэ дзэм хагъэхьащ.

◆ **1836 гъэм** Урысейм ухуэн щыщIадзащ къэралым щыяпэ гъущI гъуэгур, Петербург - Царское Село - Павловск щыIпIэхэр зэпызыщIэнур. Километр 26-рэ зи кIыхьагъ а гъуэгур кьызэIуахат 1837 гъэм щкIуэгъуэм и 11-м.

◆ **1888 гъэм** Бразилием кьыщащтащ щыхуэзэр егъэщыIлIу мыдэным теухуа унафэ.

◆ **1913 гъэм** Дзэлыкъуэ мэкъумэщыщIэхэм зыкъыщIэтащ.

◆ **1921 гъэм** ЦIыхубэ комиссархэм я советым унафэ ищIащ цIыхухэм зыщагъэпсэхуну, я узынщагъэм щыкIэлъагъэлIпIыну унэхэр РСФСР-м кьыщызэIухыным теухуауэ.

◆ **1927 гъэм** Киев кьыщызэрагъэпэщащ «Динамо Киев» футбол командэр.

◆ **1991 гъэм** Урысейм къэрал телерадиокомпаниеи (ВГРТК) лэжьэн щIидзащ.

◆ **2000 гъэм** Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ кьызэрагъэпэщащ федеральнэ щыналъхирэ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу абыхэм щыIэныгъэм я Iуэхущ1апIэхэмрэ.

◆ ТхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъубж Мухьэдин** кьызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокIу.

◆ Урысейм и лIыхъужь **Кьардэн Уэхьид** кьызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокIу.

◆ УФ-м пщIэ зиIэ и уэхуакIуэ, УФ-м пщIэ зиIэ и гъуэгуфхэ, «Мосстрой» ОО-м и генеральнэ директор **Джэрыджэ Кьанщобий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокIу.

◆ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Зеущэ Iэуес** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокIу.

◆ УсакIуэ, драматург, УФ-м и драматургхэм я зэпеуэм и лауреат **Кьанкьуэ Заринэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхьэнущ.

Накъыгъэм и 14, мэрем

◆ **Кьуалэбзуэкэм я дунейпсо махуэщ**

◆ **Астрономием и дунейпсо махуэщ**

◆ **Хьэлэлу сату щыным и дунейпсо махуэщ**

◆ **1692 гъэм** апэ урыс дзэ кхъуэкIыр псым трагъэхьащ.

◆ **1796 гъэм** инджылыз еджагъэшхуэ Дженнер Эдвард апэу фэрэкI хилъхьащ.

◆ **1900 гъэм** Франджым и кьалащхьэ Париж кьыщызэIуахащ II гъэмахуэ Олимп Джэгуэгур.

◆ **1904 гъэм** Сент-Луис (США) кьыщызэIуахащ III Гъэмахуэ Олимп джэгуэгур.

◆ **1955 гъэм** Албаниеи, Болгариеи, ГДР-м, Венгриеи, Польшэм, Румыниеи, СССР-м, Чехословакиеи я лIыкIуэхэм зэращIылIащ зэныбжьэгъуныем, зэдзэкIэныбжь зыхьащIэгъэкъуэныбжь ятеухуа Варшавэ зэгурыIуэныгъэр.

◆ **1995 гъэм** Беларусь Республикэм щекIуэкIащ апэ цIыхубэ референдумыр. Абы ипкъ иткIэ къащтауэ щытащ къэралым и ныпымрэ и гербымрэ.

◆ **2005 гъэм** дунейм щыяпэу вертолёт тетIысхьащ ЩIы хъурейм и кьурш нэхъ лъагэ дыдэ Эверест и щыгум. Ар зыхуэзфIэкIар франджы кьхъухьлъатэзехуэр Дельсаль Дидьеиц.

◆ **2008 гъэм** Санкт-Петербург и «Зенит» футбол клубым УЕФА-м и Кубокыр кьихьащ.

◆ Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тау Пщыкъан** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокIу.

◆ Къэрал кьулыкъущIэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, Абхъаз Республикэм и яп президенту щыта **Ардзинбэ Владислав** кьызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокIу.

◆ Композитор, музыковед **Блай Тамарэ** кьызэралъхуа махуэщ.

◆ УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урысей банкхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Тосунян Гарегин** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 16 - 17 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Акъылыр ландыщэщ, гъэсэныгъэр дыщэ жыгщ.

Сом мелуан 242-м щIигъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэ проектхэр щагъэзэщIэн папщIэ мы гъэр къызэрихьэрэ Урысейм и «Мэкъумэшбанк» акционер обществэм къиутIыпщащ сом мелуан 242-м щIигъу. Ар хуэди 6,5-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ зэрыщытыу хухихам нэхърэ.

МЫЛЪКУМ и нэхъыбэр хуатIыпщащ псынщIэу зызыужь жыг хадэхэм зегъэубгъуным икIи абы и фIыгъэкIэ иджыри гектари 123-рэ кьыхагъэхъуащ. 2019 гъэм и кIуэхым ирагъэжьа а инвестицэ проектиным сом мелуан 492-рэ текIуэдзэнущ, «Мэкъумэшбанкым» ейуэ сом мелуан 368,5-рэ хэлъу. Нобэр кьызэдэсым банкым сом мелуан 289-рэ а Iуэхум хилъхьащ. Абы кьрикIуащ республикэм мыЗрысэ тонн мини 7-м нэблагъэ илъэс кьэсэ лейуэ кьыщыплачмыщ.

«Мэкъумэшбанкым» кьарита щыкIуэхэм я фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэ проект зыбжанэ щагъэзащIэ жыг гъэкIнымрэ кьэкIыгъэхэм елэжьынымрэ ехьэлIауэ. Иджыпрей мардэхэм изагъэ лэжьэкIэм мэкъумэшыщIэхэр зэрытехьам и фIыгъэкIэ ди щыналъэм и экономикэр ефIакIуэ зэпытщ икIи ерыскъыкIэ шынагъэншагъэр кьызэгъэпэща мэхъу. Мылькур зыIэрагъэхьэныр нэхъри щIигъэхуэбжьащ АПК-м и Iэужущ1апIэхэр дэIыгъыным икIи иткIэ щхьэщыщатIкIыр проценти 5-м зэрыщIимыгъум, - къыджиащ «Мэкъумэшбанк» АО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI Сокъур Алим.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, «Мэкъумэшбанк» акционер обществэр Урысейм и агропромышленнэ комплексым Iуэхутхьэбзэ хуэщIэныкIэ и лъэпкъ финанскредит системэм и лъабжьэщ. Ар 2000 гъэм кьызэрагъэпэщащ икIи Iэщ1ель мылъкумрэ зэфIигъэкIуэхьэзэмкIэ къэралым дунейми щынэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыщ.

ЖЬЭТАУИслъэн.

● Банк Iуэхухэр

КъБР-м, КъШР-м я Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм, Дунейпсо, Къэбэрдей, Адыгей, Шэрджэс Адыгэ Хасэхэм хэтхэр, «Черкес хэку», «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ мак» газетхэм, «Къэрэшей-Шэрджэс» къэрал теле радиокомпанием, «АдыгэбзэкIэ и нэтынхэр щагъэхьэзыр и редакцым и унафэщI **ЩакIуэ Мусалий Мардас и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **ЩакIуэ Бабыцэ Нухь и пхъур** дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм я лэжьакIуэхэр радиом хъыбарыщIэ программэхэмкIэ и редакцэм и нэтынхэр езыгъэкIуэкI **Мыз Майе Талий и пхъум** хуогузавэ абы и шыпхъу **Лыгъур (Сыжажэ) Рае Талий и пхъур** дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖЬэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ кьуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Марина** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Кьэшашокъуэ Элэ** (эхуэп зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Кьумахуэ Аслъэн, НэщIэныджэ Заминэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэ**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Нальчик къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-48-54, 42-63-64, 40-06-33; эхуэп зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядолэжьныныкIэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэныныр экологиемкIэ - 42-22-89; егъэдэжныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтгъэхьым - 42-75-78

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщащIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ящI. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкIэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ, 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖЬэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 5, 6-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.927 ● Заказ №985